

JEHOVHA-JIRE ¹

 Garai henyu pasi. Uno mukana mukuru, kudzoka zvakare manheru ano. Uye neropafadzo guru kwandiri, kuuya kuzotaura nemi pamusoro palshe wedu Jesu, Wandine chokwadi chokuti vazhinji venyu munomuziva, kana kuti ndinovimba kuti munodaro, mukuregererwa kwezvivi zvenyu ne—nenzira yenyasha dzaKe, kwamuri. Uye dai Akapa kwamuri, manheru ano, nyasha dzaKe dzakawedzerwa. Patinobva pano, dai tikakwanisa kutaura, sevaya vaibva kuEmausi, “Mwoyo yedu yatsva mukati medu, paAnga achitaura nesu munzira.”

² Zvino, mangwanani ega-ega, ndinotenda kuti vane mu—mu—mu—murume anotaura nevanhu veruzhinji semurume uyu. VaVayle pano vane chi—chidzidzo chavari kupa, vachiita sekupindura mibvunzo nekutaura pamusoro peMagwaro. Ndepano here muchivakwa chino? Muchivakwa chino chaicho, mangwanani. Uye kana paine munhu akasununguka, uye vamwe vashumiri, kana vamwe vakadaro, vachida kuuya, handiti, chero ani zvake anogamuchirwa. Uye Hama Vayle mudzidzisi akadzama zvikuru. Zvirokwazvo, vane dzidzo yakanaka.

³ Uye nokudaro, ndakati rimwe zuva, ndi—ndinoshuva kuti dai ndaiva nedzidzo. Ndinotoshandisa mifananidzo, zvakaite sechimwewo chinhu, kutsanangura, munoziva. Handina dzidzo yakakwana yekuzvitsanangura. Asi neimwe nzira, kana imwewo, Ishe vanondibatsira kuti ndibudirire pazviri.

⁴ Uye saka ndinorangarira, imwe nguva paiva nemumwe mu—murume muMagwaro, zita rake ainzi Johane, uye baba vake vaiva muprisita. Kazhinji, vaitevera zvaitwa nababa vavo. Asi chaizvo aitova nemharidzo; aifanirwa kuzozivisa Mesiya. Uye zvino dai akaenda zasi kuchikoro kwakaenda baba vake, vaiti, “Zvino, unoziva here Hama *Nhingi-nhingi* vanodikanwa? Ndivo Mesiya chete vaya,” vakatopotsa vamutsvetera mazviri. Saka, munoona, haana kana kumboenda kuchikoro chakadaro.

⁵ Akaenda murenje, kwaakadzidza nezvaMwari. Munocherechedza mharidzo dzake, achibuda? Haana kumbova nedzidzo. Akapindamo aine makore 9, akabuda aine 30, akaparidza kwemwedzi 6, ndokuzourayiwa. Zvino tinoona kuti aishandisa . . . Akati, sevaFarise vakauyako, nevaSadhuse, zvino akati, “Oo, imi chizvarwa chenyoka!” Ndizvo zvaakanga aona murenje; nyoka, chimwe chinhu chine tsvina uye chine tsvete, uye chinonyengera. Maona?

⁶ Zvino mumwe munhu angadai akati, “Nhai, iwe mahara emunhu mharapatsetsetse,” kana chimwe chinhu. Asi iye . . .

⁷ Asi, munoona, akanga asingazive mazwi ekushandisa, saka akangoti, “Imi chizvarwa chenyoka,” ndidzo dzaakanga aona murenje. Akati, “Ndiani akuyambirai kuti mutize hashha dziri kuuya? Musatanga kutura, kuti ‘Tine, tiri veizvi uye tiri veizvo,’ nokuti Mwari vanogona kubva pamatombo aya,” zvaakange aona, “kumutsira Abrahamu vana. Uye demo raiswa pamudzi wemuti.” Aiziva zvekuita nemuti wakaipa. “Ani naani asingabereki muchero wakanaka, anotemerwa pasi okandirwa mumoto,” kuti apise huni dzakaipa.

⁸ Munooni, mharidzo yake yose yaiva chimwe chinhu pamusoro pezvisikwa, aidzifananidzira. Vanhuwo zvavo vanozvinzwisisa izvozvo. Uye zvino ivo... Ndinofunga dzimwe nguva zvingatova nani kudaro kudarika mashoko ese aya makuru anodzidzwa nevanhu kuchikoro.

⁹ Zvino, takati nonokei zvisihoma nezuro manheru, saka tiri kuedza kukubuditsai nenguva, manheru ano, kana tikakwanisa. Uye ndinovimba kuti Ishe havasi kuzorega mvura ichinaya zvakananyanya manheru ano, padenga remarata iri, saka tichangotenda uye—uye toedza kuVashumira, nekuzivisisa kwedu kwose.

¹⁰ Zvino ngatisimukei tichiverenga Shoko raMwari, patiri kuverenga zvino kubva muBhuku raGenesi. Uye tiri kutangira pachitsauko 22 pavhesi 7, tichiverenga rechi 14, kusanganisira neepakati.

Zvino Isaka akataura naAbrahamu baba vake, ndokuti, Baba vangu: iye akati, Ndiri pano hangu, mwanakomana wangu. Zvino akati, Hoyu moto nehuni: asi gwayana rechibayiro chinopiswa riripiko?

Zvino Abrahamu akati, Mwanakomana wangu, Mwari vachazvipa gwayana rechibayiro chinopiswa: saizvozvo vakafamba vari vaviri pamwe chete.

Zvino vakandosvika panzvimbo yaakaudzwa naMwari; uye Abrahamu akavakapo artari, ndokurongerera huni dzacho, ndokusunga... mwanakomana wake pachake, akamuisa paartari pamusoro pehuni.

Zvino Abrahamu akatambanudza ruoko rwake, akatora banga kuti abaye mwanakomana wake.

Ipapo mutumwa waJEHOVA wakadanidzira kwaari ari kudenga, akati, Abrahamu, Abrahamu: zvino iye akati, Ndiri pano hangu.

Uye akati, Usaisa ruoko rwako pamujaya, kana kuisa... paari: nokuti zvino ndinoziva kuti unotyga Mwari, ndichiona kuti wanyima... hauna kundinyima wako... mwanakomana mumwe chete.

Zvino Abrahamama akasimudza meso ake, akatarira, ndokuona shure kwake gondohwe rakanga rakabatwa nyanga dzaro mugwenzi: zvino Abrahamama akaenda akatora gondohwe, akaripirisa sechibayiro chinopiswa pa...nzvimbo yemwanakomana wake.

Zvino Abrahamama akatumidza zita renzvimbo iyo kuti Jehovha-jire: sezvazvinonzi nanhasi, Pagomo raJEHOVHA ndipo pazvichaonekwa.

¹¹ Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana tive nemunamato.

¹² Baba vedu voKudenga, tinoudzwa neShoko iri, rinova Mwari, kuti, “Kutenda kunouya nekunzwa, uye nekunzwa Shoko raMwari.” Uye zvino, Baba, tinonamata kuti Mugotipa chirevo chekuverenga uku, kuti tigodzidza sezvatinoudzwa neBhaibheri, kuti, “Zvinhu zvose izvozvo kare muTestamende Yekare zvaive mienzaniso yatinofanira kuona.” Kune avo vanoteerera kudana kwaMwari, vakaropafadzwa. Avo vanokuramba, vakatukwa. Saka tinonamata, Baba, kuti tive nekunzwisisa, manheru ano, kubudikidza nechizaruro. Dai Mweya Mutsvene wazarura kwatiri zvinhu zvine chekuita nesu muzuva rino, zvakavanzwa zvose mune chakavanzika chikuru ichi chaMwari chakavepo kubva pamavambo enyika. Nokuti tinozvikumbira muZita raJesu. Amen.

Mungagara henyu pasi.

¹³ Ndinoda kutaura pamusoro pechidzidzo, Ishe vachitendera, kubva papfungwa yekuti: *Jehovha-Jire*. Shoko racho rinoreva kuti “Mwari vachazvipa pachaVo chibairo.”

¹⁴ Uye tiri kutaura nezvaAbrahama, uye iyi ndiyo yaiva nguva yaaitarisira mwanakomana wechipikirwa. Kut i tiwane chokwadi chaicho cheizvi, tichadzokera shure. Zvino umu manga muri muchitsauko 22. Tinoda kudzokera kumashure; ndine Magwaro mashoma akanyorwa pano, andinoda kutaura nezvawo, kana zvichibvira. Uye ndinoda kutaura pamusoro pawo, uye ndinoda kutangira muchitsauko 12. Tichadzokera tonoona kuti munhu uyu anonzi Abrahamama ndiani, uye zvino zvaka—zvakauya sei kuti Mwari vazomusarudza.

¹⁵ Tinoziva kuti vimbiso yacho yakapihwa kuna Abrahamama neMbeu yake yaizouya shure kwake, uye kungova bedzi tiri muna Abrahamama tatova vadyi venhaka pamwe chete naye nevimbiso. Zvino Abrahamama aiva nembeu, uye mbeu yacho, honguka, zvaive kuti, aiva nembeu yakawanda, mbeu zhinji, asi aiva neMbeu imwe chete yakapiwa vimbiso iyi. Aiva naIshmaeri; zvino mushure mekunge Sara afa, akazoroorwa mumwe mudzimai ndokuva nevanakomana 7 tisingaverenge vanasikana; uye vose imbeu yaAbrahama, asi...mbeu dzaAbrahama, asi Mbeu iyi ndiyo yaiva nevimbiso. Uye Mbeu yacho, chaizvoizvo, *kutenda* kwaAbrahama, kwaaiwa nako muShoko raMwari rakavimbiswa.

¹⁶ Zvino Abrahamama, tinoona kuti, isu...haaonekwe kusvika tazomuwana pano munenge muchitsauko 12. Chitsauko 11 chaGenesi, tinoona kuti baba vake vakauya zasi vachibva kuBhabhironi. Zvino Abrahamama aingova munhuwo zvake, sezvakangoita iwe kana ini, kana mumwewo munhu. Uye akanga ava, tingati, zvatingafunga kuti, murume akwegura. Aiva nemakore 75 ekuberekwa. Aive akaroora hanzvadzi yake mwana wababa ari wekwamainini. Zita rake rainzi Sara. Zvino zita rake ipapo, honguka, rakanga risiri Abrahamama, akanga ari Abrama. Uye—uye remudzimai raiva Sarai. Saka tinoona kuti mudzimai uyu aiva mudiki kwaari nemakore 10, zvakamuita kuti ave nemakore 65, uye murume aine makore 75 ekuberekwa.

¹⁷ Ivo zvichida, aiva murimi, achigara mumupata weShinari uko, uye achirarama hupenyu hwemazuva ese. Iye—iye zvichida aitobuda munguva dzemasikati, onowana nyama yake kubva musango, nekutanha michero, uye achirarama mhando yakadaro yehupenyu. Aingova munhuwo zvake, pakanga pasina chinoshamisira paari. Asi rimwe zuva, Mwari vakamudana. Ndizvo zvakaite mutsauko, Mwari pavakadana.

¹⁸ Uye ndizvo zvazviriwo kune hupenyu chero hupi zvahwo. Zvinotora Mwari. Hazvisi izvo zvaunoita iwe; ndeizvo zvinoitwa naMwari. Maona? Unoti, “Ndakatsvaga Mwari. Ndakatsvaga Mwari.” Uri kukanganisa. Hapana munhu anotsvaga Mwari. Mwari ndivo vanotsvaga munhu. Maona? Hausi iwe uchitsvaga Mwari; ndiMwari vachikutsvaga.

¹⁹ Jesu akati, “Hamuna kumboNdisarudza, asi iNi ndakakusarudzai.” Maona? Saka wakasarudzwa nyika isati yavambwa, kana kuti hauna kusarudzwa zvachose. Akangouya kuzodzikinura zita iroro. Uye vose vane mazita asiri muBhuku reHupenyu reGwayana...nyika isati yavambwa, ndivo voga vachange varipo, zvisinei. Maona? Wakasarudzwa maAri nyika isati yavambwa. Gwayana parakasarudzwa, zvino wakasarudzwa pamwe chete naRo, nheyo isati yavapo.

²⁰ Uye uri, sezvandakataura manheru apfuura, chizenga chekufunga kwaMwari. Munooni, ndiyo nzira chete yaunogona kuva weKusingaperi, uye mhando yoga yeHupenyu Husingaperi. Pane mhando imwe chete yeHupenyu Husingaperi, uye ndiMwari. Saka, ndizvo zvoga, ndiVo Vacho vaZiyendanakuenda.

²¹ Zvino tinoona kuti Abrahamama aiva nenzvimbo iyoyo. Uye Mwari, muTestamende Yekare, vakaita mifananidzo nemimvuri, kuratidza zvaVaizoita.

²² Zvino tinoona pano kuti Mwari vakataura naye. Uye chinhu chikuru, mushure mekunge Mwari vamudana... Kudana kwakaitwa naMwari kwaiva kudana kwepamweya. Asi, zvakadaro, hazvina kumbodzedzeresa Abrahamama, panguva

ipi zvayo. Aiziva nguva dzose kuti vaive Mwari. Chinhu chikuru ichocho. Apo . . .

²³ Kudana kwaMwari ndekwepamweya; hapana chepanyama. Mwari vanotora chemweya voshanda nacho panyama, asi kudana kwaMwari ndekwepamweya. Bhaibheri rakati, “Zvipo nekudanwa hazvinei nekutendeuka.” Munoono, zvakanogadzwa na—naMwari.

²⁴ Zvino tinoona kuti, mune izvi, kuti Abrahama paakadanwa, akanzwa inzwi raMwari, uye Vakamuudza chimwe chinhu chaita sechakanga chisingatogoneki zvachose. Iye aine makore 75 ekuberekwa, mudzimai wake aine makore 65 ekuberekwa, zvaita mudzimai kuti ave nemakore anenge 20 adarika zera rekubereka, uye akararama naye kubva achiri musikana. Vakanga vasina vana. Uye, zvakadaro, ndokumuudza kuti vakanga vari kuzova nemwana, uye kubudikidza nemwana uyu nyika yose, ndudzi dzose, dzaizoropafadzwa. Zvino chinhu chinoshamisa ichocho.

²⁵ “Uye Abrahama,” Bhaibheri rakati muna VaRoma chitsauko 4, “haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari kubudikidza nekusatenda, asi aive akasimba, achipa rumbidzo kuna Mwari.”

²⁶ Ndinogona kufungidzira, mushure memwedzi wekutanga . . . Honguka, Sara, sezvandambotaura, akanga atopfuura nguva yekuguma kubereka. Mwedzi wekutanga, ndinogona kufungidzira Abrahama achiti, “Sara, uri kunzwa sei, mudiwa?”

“Hapana kana mutsauko.”

²⁷ “Zvakanaka, Mwari ngavarumbidzwe tiri kuzova nemwana wacho, zvisinei. Tiri kuzongova naye chete. Mwari vakati tichava naye.”

²⁸ Sara, akaruka tubhutisi, ndokutora manapukeni nezvipeneti, nezvose; ndokugadzirira, achimugadzirira, nokuti aiziva kuti ari kuzova naye. Mwari vakataura kudaro. Maona?

²⁹ Gore rekutanga rakapfuura. “Pane musiyano wauri kunzwa here, mudiwa?”

“Hapana kana musiyano zvachose.”

³⁰ “Mwari ngavarumbidzwe! Chichava chishamiso chakakura zvino kudarika zvachaiva pakutanga. Munoono, ratove gore rinotevera racho. Tiri kuzova naye, zvisinei.” Sei? Mwari vakataura kudaro. Ndizvozvo. Mwari vakataura kudaro. Isu . . . Mwari vakataura kudaro.

³¹ Makore 10 ndokupfuura. “Uri kunzwa sei zvino, mudiwa?” Hoyoka atova nemakore 75, uye murume atova ne 85.

³² Zvino ungafungidzira here murume nemudzimai vakwegura vakadaro, nhasi, vachienda kuchipatara, vachiti, “Chiremba, tinoda kuita gadziriro. Tiri kuzo . . .”?

³³ Mwari vanokuudza kuti utende zvimwe zvezvinhu zvisingatatarisirwe zvachose, asi Vanozviiita kuti zvingane nguva dzose. Mwari... Munhu anotenda Mwari, zvirokwazvo anoita seanopenga, kunyika.

³⁴ Mungambofungidzira here Mosesi, akadzidziswa muhu—huchenjeri hwese hwevaEgipita, mukuru chaiye wemauto, ma—ma—ma—mauto eEgipita. Uye, zvakadaro, zvakatomutorera makore 40 kudzidzira kusvika ipapo, uye zvakatotorerawo Mwari makore 40 kuti vabvise dzidzo iyoyo kubva maari, zvazvakangotorerawo nyika ichiisa maari. Mamwezeve makore 40, Vakamudzidzisa kuti ibude, dzidzo yose, dzidzo yezvinamoto ibude maari. Zvino Vakasangana naye seri kwerenje, uye akaziva zvakawanda nezvaMwari, mumaminiti 5 muHupo hwaMwari, kudarika zvaakadzidza mumakore 40 kubva mumabhuku. Ndizvozvo chaizvo.

³⁵ Mwari havazivikanwe nedzidzo. Vanozivikanwa nekutenda. Uye Mwari vakataura naye mune chemweya. Uye chinhu chisingatombotarisirwe, dzimwe nguva, Mwari chavanotiita kuti tiite.

³⁶ Ungambofungidzira here murume akwegura, ane makore 80 ekuberekwa, achimhanya, muporofita achitiza Mwari? Uye muHupo hwaMwari maminetsi 5: mangwanani akatevera acho (Ungambomufungidzira here?), murume akwegura, ndebvu dzakaremba zasi sezvizi; musoro wake une mhanza uchipenya; chimuti chakakombama muruoko rwake; mudzimai wake agere akatasva nyurusi, nemwana mudiki ari pahudyu pake; achidzika nenzira!

“Uri kuenda kupi nhai, Mosesi?”

“Ndiri kuenda zasi kuEgipita, kunotora hutongi.”

³⁷ Munooni, “kutora hutongi,” kupamba kwemunhu mumwe chete. Izvozvo zvinoita sezvisina musoro. Asi, nyaya yacho ndeyekuti, akatozviiita, nokuti Mwari vakataura kudaro. Zvakatoringana.

³⁸ Kana Mwari vataura kudaro, ndizvo zvoga zviripo. Ndizvo—ndizvozvo. Kana Mwari vakaita vimbiso, sungirira mweya wako piri. Kana uchigona kuzvitenda, sungirira wako... Kana usingazvitende, garira kure nazvo; zvinokukuvadza. Asi kana uchizvitenda, gara nazvo, zvinokuendesa mukukunda, sekungova mazvirokwazvo ari nyika.

³⁹ Zvino tinoona, kuti, “Abrahama haana kudzedzereka pavimbiso yaMwari.” Zvino paakanga ava nemakore 100 ekuberekwa, uye mudzimai ava nemakore 90, ndinogona kumunzwa; haachanyatsogona kutaura zvino, ava kukwegura kwazvo uye asisina simba, “Nhai, Sara, mudiwa, uri kunzwa sei?”

“Zvinoka, mudiwa, handina kana musiyano wandiri kunzwa.”

⁴⁰ “Hareruya! Tiri—tiri kuzova naye, zvisinei. Mwari vakataura kudaro, ndizvo zvoga zviripo kwazviri. Mwari ndivo vakapa vimbiso yacho.” Akati ainge “akagutsikana zvizere kuti Mwari vaikwanisa kuita zvaVakavimbisa.”

⁴¹ Uye zvino tinozvidana kuti tiri Mbeu yaAbrahama, Mbeu yake yeHumambo (kwete mbeu yaIsaka), Mbeu yake yeHumambo, Kristu; uye todzedzereka pane chero vimbiso zvayo, toita nharo nazvo uye toti handizvo, uye tozvipokana mupfungwa dzedu? Ndinozvipokana kuti tiri Mbeu yaAbrahama kana tiine mhando yepfungwa yakadaro matiri. Mbeu yaAbrahama haidzadzarike zvachose pane chimwe chinu. Inodana zvinhu zvakanga zvisipo, sekunge zvaivepo, nekuti Mwari vakataura kudaro. Ivo Musiki. Vanogona kuzviita kuti zvine saizvo. Vakazvivimbisa, uye zvakatoringana. Ndizvo zvoga zviripo. Kana Mwari vazvitaure, zvinobva zvatogadzirisira nyaya yacho yose. Zvino, rangarirai, aida... Hapana chaigona... Vakaudza...

⁴² Chimwe chinhu chaVakamuudza kuti aite, kuzvipatsanura zvino kubva kuhama dzake nevanhu vake vose.

⁴³ Mwari, kuti vawane murume kana mudzimai, mukomana kana musikana, kuti aVateerere, unofanira kuzvipatsanura kubva pakusatenda kwese, ndizvo zvachizvo, kusvikira wanyatsozvipatsanura kubva kune chose hacho chinopesana neShoko iroro, uye woRitenda. Iwe...Mwari vanodanira kupatsanurwa kuzere.

⁴⁴ Musiyano wakadini uripo nhasi muzvikoro zvedu zviri kutumira vashumiri. Vanongovarovedzera nemarudzi ese ekusatenda nedzidziso dzepfungwa dzisitombori dzeMagwaro zvachose seimwe mhando yechitendwa chavanogadzira ivo, uye vobva vavatumira kunze nezvinhu zvakadaro. Ndosaka takachochonya boka raanaOswald neraanaJack Ruby, nevamwe vakadaro, munyika yose. Communism iri kumedza nyika, nekuti tine maseminari nevaparidzi vemuchirindiro panzvimbo yevanakomana vaMwari, vakaberekwa patsva, vakazadzwa neMweya Mutsvene, vakaberekwa neMoto vakatumwa naMwari, vana vaAbrahama vanotenda Shoko raMwari kuti iChokwadi chaicho uye risiri chimwe chinhu kunze kweChokwadi, vakakwasharara, uye vanogona kumira ipapo pavimbiso, pamberi pechinhu chero chipi zvacho, uye votarisana nazvo, kuti iChokwadi. IShoko raMwari. Zvakanaka.

⁴⁵ Zvino Vakati, “Zvipatsanure kubva kuhama dzako dzose, kubva kuvanhu vako vose, zvose hazvo, uNditevere.”

⁴⁶ Mwari havana kana kushandura nzira yaVo. Mwari ndiMwari vasingashanduki. Maitiro anoita Mwari chero chinhu, pane imwe nguva, Vanotofanirwa kuchiita nenzira imwe cheteyo

panguva yechipiri. Rangarirai, kana uchikwanisa kuona kuita kwaMwari panguva chero ipi zvayo, kana iVo... Kana—kana paiva nemunhu akarasika, uye Vakaponesa munhu wacho maringe neimwe sarudzo yaVakaita, Vanotofanirwa nguva dzose kugara narinhi vaine sarudzo imwe cheteyo. Havagoni kuishandura. Maona? Havana magumo.

⁴⁷ Isu tine magumo. Ndinogona kuziva zvakawedzerwa mangwana kudarika zvandinoziva nhasi. Newewo unogona kuziva zvakawedzerwa gore rinouya kupfuura zvaunoziva gore rino. Unoziva zvakawanda gore rino kudarika zvawaiziva gore rakapfuura, asi kwete Mwari.

⁴⁸ Vakakwana, havana magumo. Zvese zvaVanoiita zvakakwana. Havagone kuita sarudzo nhasi uye voita sarudzo iri nani mangwana. Yavo yekutanga yakakwana. Nokudaro, unogona kungosungirira mweya wako pane chero chinhu chaVanotaura, iChokwadi.

⁴⁹ Mwari vakadanwa pane imwe nguva kuti vaite sarudzo, kuti vangaponesa munhu sei, uye nzira yaVakazviita nayo yaive pahwaro hweRopa rakadeurwa reUyo asina mhosva, mubindu reEdheni. Uye munhu akaedza zvese zviri panyika kuti aponese munhu, neimwewo nzira; vakavaka maguta, vakavaka shongwe, vakava nemasangano, dzidzo, nezvimwe zvose, uye chinhu chacho chose kukundika zvachose. Pane nzira imwe chete iyo Mwari vanoponesa munhu nayo, kubudikidza neRopa rakadeurwa reUyo asina mhosva. Ndiyo nzira yoga. Ndiyo yaive sarudzo yaMwari yekutanga. Vanogara nayo nguva dzose.

⁵⁰ Kana Mwari vakambopodza mumwe munhu pahwaro hwaVakamupodza pahuri, Vanofanira kupodza anotevera wacho paanouya panzvimbo iyoyo. Kana Vakasadarwo, Vakaita zvisizvo paVakazviita pekutanga paifanira kuitwa sarudzo yacho.

⁵¹ Kana Vakamboita sarudzo, Vanotofanira kugara nayo. Kana Vakasadarwo, Vakaita sarudzo isiriyo ipapo. Maona? Zvino ndiani angati Mwari vakaita sarudzo isiri iyo? Maona? Hataikwanisa kutaura kudaro. Saka Mwari vanofanira kuramba vaine sarudzo yaVo. Saka paVanoiita, ndizvozvo.

⁵² Saka Vakati, “Zvipatsanure kubva kuhama dzako dzose, zvese hazvo, kusatenda kwese kwakabva kuBhabhironi kumusoro ikoko.”

⁵³ Sangano guru rekutanga panyika raive Bhabhironi, parakaronga maguta ose kuti abhadhare mutero kuguta rimwe chete iri, mufananidzo chaiwo, zvitevedzwa zvose izvi nezvinhu zvitsva zviri kuonekwa nhasi. Kana wakambovevenga *Two Babylons* raHislop, nemamwe akadaro, uye wodzokera muna Genesi, uchaona kuti Genesi ndiwo mavambo, mbeu yacho, unoona zvitevedzwa zvose izvi nezvinhu, zvakanyatsoiswa imomo chaimo.

54 Munoono, vaFarisei vakaomarara vanobva zasi ikoko, kubva kumudzimai uya aive nemidzi isinganzwisike nezvimwewo zvakadaro, zvakadzika kunosvika mumazuva aJesu chaiwo. VaFarisei vakanga vasingatendi muMweya kana chimwewo chinhu, uye vakadzivisa Jesu. Jesu akati, “Varegei vakadaro. Kana bofu rikatungamirira bofu, vanowira vose mugomba. Regai. . .” Akaenderera mberi achiparidza, nekupodza varwere, nekuita zvishamiso, uye zvimwe chetezvo. Hazvina kana kuMumisa, nokuti Akanga ari Shoko. Shoko rinoramba richienderera mberi, zvisinei nezvinoitika.

55 Saka tinoona zvinhu izvozvo zvichienderera mberi, uye pakupedzisira zvinosvika pakutumbuka pano mumazuva ekupedzisira. SaJambure naJani vakadzivisa Mosesi, naizvozvo zvichawawo zvimwe chetezvo.

56 Zvino, kupatsanurwa kuzere kubva pakusatenda kwese. Uye, rangarirai, Abrahama tateguru haana kumboropafadzwa zvizere kusvikira aterera chaizvo zvakataurwa naMwari kuti aite. Uye isu hatizombofa, kana, zvachose takatomboropafadzwa, uye tova nemaropafadzo, kusvika tateerera zvakataurwa naMwari kuti tiite.

57 Chimwe chinhu chandinoda kuti mucherechedze pano muchitsauko 12, kuti sungano yacho yakanga isina zviga zvachose. Yakanga isina kana chisungo chakabatanidzwa nayo. “Ndaka,” kwete “kana iwe.” Pakanga pasina zvekuti kana kwairi. “Ndakatozwiita kare.” Vakapa Abrahama sungano, isina zviga.

58 Uye zvino kuziva, musungano yaAdhamu, yaiva, “Kana ukasabata muti uyu, zvino Ndichaita *zvakati-nezvakati*. Asi kana ukaita izvozvo, zvino ndichatoita *zvakati nezvakati*.” Munoono, izvozvo zvaive nemutemo wakabatanidzwa nazvo.

59 Asi musungano iyi, “Ndakatokuita kare baba vemarudzi mazhinji.” Uye iVo vak- . . . Yese haina kana zviga. Sungano yacho dzinongova nyasha dzoga, dzinongova nyasha chaidzo. Chinhu choga chavaifanira kuita kuchengetedza sungano iyi kwaiva kuramba vachigara munyika iyoyo; uye ropafadzo rose, raifambidzana nesungano yacho, raiva navo. Chinhu choga chavaifanira kuita kwaiva kugara munyika iyoyo. Zvino tinoona kuti, pavakaenda zasi kuEgipita, vakarasikirwa neropafadzo ravo, asi kwete sungano yavo. Sungano yakanga ichiripo. Vakarasikirwa neropafadzo, asi kwete sungano yavo, nekuti sungano yavo yaive nyasha, pasina zviga.

60 Uye muna—muna Eksodho, chitsauko 19, Ek- . . . Israeri yakaita chimwe chezvinhu zvayo zvakashatisisa zvayati yakamboita, pari apo payakaramba nyasha ndokugamuchira murawo. Tarisai zvakanga zvaitwa nenyasha. Nyasha dzakatovapa mudzikinuri, dzikatovapa muporofita, ane Shongwe yeMoto kumusimbisa neShoko rakasimbiswa, raiva

gwayana rechibairo. Nyasha dzakanga dzavapa rumutsiriro rwukuru. Nyasha dzakanga dzavayambutsa, dzikazarura Gungwa Dzvuku, dzikavayambutsa ipapo. Dzikavadzikinura nezviratidzo nezvishamiso, zvose kubudikidza nenyasha. Asi ivo vaida chimwe chinhu kuti vagone kuzvigadzirira mazita makuru.

⁶¹ Zvino, kana zvisirizvo zviri vanhu nhasi, chinongova chinhu chimwe chetecho. Zvinofanira kudaro, munhu anotoda kuwanawo chekuita mazviri pane imwe nzvimbo. Zvino Israeri ndipo payakaita mhosho yayo huru, payakaramba nyasha ndokutora murawo, panzvimbo yadzo. Uye... Zvisinei, asi sungano yaVakaita navo yaingova ipapo isina zviga. Ichiri imwe cheteyo nhasi, tinoona kudaro.

⁶² Abrahama, zvino, mushure mekunge apihwa zviga izvi, akatanga rwendo rwake, achienderera mberi. Zvino tinoona kuti akabuda.

⁶³ Uye muchitsauko 13, pakupedzisira akasvika panzvimbo yekuteerera zvizere kuna Mwari. Zvino tinoona, muchitsauko 13, kuti Roti... Kutanga, akatora baba vake, zvino mutana uyu aigara achiita sekumira munzira nguva dzose. Uye akaedza kutora rimwe boka raaindudurudzana naro. Uye paunodaro, ndipo paunowanana nazvo. Mwari vakati, “Zvipatsanure.”

⁶⁴ “Asika, ndinokuudzai, havatende chaizvoizvo, asi...” Zvino ibva pazviri. Ndicho chinhu chega, ingogarira kure nazvo.

⁶⁵ Zvino mutana uyu, pakupedzisira, mushure mekunge vamuviga, zvino, Roti akava chi—chinetsa chaicho, sekutaura kudaro. Tinoona kuti akatanga kugununa. Uye vose vari vaviri vakazenge vapfuma, uye vaive nezvakawanda zvekubatana nazvo. Uye tinoona kuti Roti akatanga kukakavara, vafudzi vake vachipesana nevafudzi vaAbrahama.

⁶⁶ Uye tinoona kuti Vakanga vasina, Mwari vakanga vasati vawana kutendeka kuzere muna...-ahama, Abrahama, kuteerera zvaVakamuudza kuti aite, kuzvipatsanura zvizere kubva kuhama dzake dzose, kubva kuvanhu vake vose, uye oVashumira.

⁶⁷ Saka tinoona kuti, Mwari vachitaura naAbrahama pano, paartari, uye vaive vamuudza zvokuita. Pakupedzisira, Roti, pakasimuka mubvunzo pakati paAbrahama naRoti; aiva mwanakomana wemunin'ina wake Harani, uye ivo... Zvaimuita mwana wake ari wemunin'ina. Uye pakupedzisira akati, “Ngati... Tiri hama zvino. Hatingave nekukakavadzana pakati pedu. Zvino iwe, kana ukaenda kumabvazuva, ini ndichaenda kumadokero. Uye kana ukaenda kumadokero, ini ndichaenda kumabvazuva. Zvino chingozvipatsanurai, uye hatisi kuzo... Pane nzvimbo yakawanda pano yedu tose. Uye unongoenda, chingaita sarudzo yako.” Zvino waive mweya weChikristu

chaiwo waiva muna Abrahamama, kunyange kupa muvengi wacho mukana wekusarudza. Uye saka akamurega achitora nzira yake.

⁶⁸ Zvino Roti, sevazhinji kwazvo nhasi, akaona mukana wacho. Kana akambobva pakusaita dambe ikoko, handiti, anogona kuzviwanira tumadhura tushoma, anogona kuva munhu ane mukurumbira. Saka akatarisa zasi akananga kuSodhoma. Uye yaive nyika ine mvura yakawanda, neguta guru, neindastiri yakanaka yemunyu, nezvimwe zvakadaro. Ivo, vaive nezvinhu zvaitengeswa kunyika dzekunze kubvako. Uye—uyezeve, zvakare, yakanga izere nenguva huru, madzimai nependi dzavo dzose dzaJezebheri nezvose, ichingova nguva huru. Mudzimai wake akaita sekuvawo nemanzwiwo iwayo zvishoma, zvakare, nekuti, tinoona kuti, mushure mekunge murume wacho ava meya zasi ikoko akaita seku—akaita sekufarira maitiro evanhu vacho. Uye ndicho chinhu chega chaunofanira kuita, kuzvisanganisa nechimwe chinhu. Maona?

⁶⁹ Mwari vanoda kuti uzvipatsanure, uye—uye uende kure kwazvo nezvinhu izvozvo zvekuti hautombozviona zvachose. Kutu, unoda kuona chinhu chimwe chete, chinova iVo nezvaVakavimbisa.

⁷⁰ Asi Mai Roti, vakaita sekuzvifarira. Uye, pasina kupokana, vakataura sekuti, “Mudiwa, ndanga ndangodzika uko, zvino tarisa mapfekero anoita vakadzi zasi ikoko, uye tarisa vasikana avo. Chitarisa mapfekero anoita vasikana vedu. Saka haufungewo here kuti vari kufambirana nenguva zviri nani?” Maiwee, zvangu! Kana tisina kudzokera kune rimwe Sodhoma chairo, handizive kuti sei. Tinozviona ipapo.

⁷¹ Asi Abrahamama akagara nevimbiso. Zvino tinoona kuti, pazvinoenderera mberi, uye...pavakapatsanurana, naRoti. Uye Abrahamama akatora nzvimbo isina kunaka, kanzvimbo kadiki, akagara kumusoro kusina mafuro anokwana kuitira mombe dzake. Uye, asi, anga akagadzirira kutora nzira yacho, nokuti Mwari vakanga vamuvisa munyika iyoyo, uye ndipo paaida kugara. Akagadzirira kuitora.

⁷² Zvino pakupedzisira, paakazoteerera Mwari zvizere, paakazoteerera Mwari muhuzaro hazvo, kuti azvipatsanure zvachose, ndipapo Ishe pavaakazviratidza zvakare kwaari. Kusvikira aita izvozvo, Ishe vakagara kure naAbrahamama. Asi paakateerera zvizere, zvino Roti...Mwari vakazviratidza kwaari, Vakati “Abrahamama, chisimudza meso ako. Tarisa kumabvazuva, tarisa kumadokero, tarisa kumawodzanyemba, tarisa kuchamhembe, kwese ndekwako.” Amen. Zvino, ndinozvifarira izvozvo.

⁷³ Uye, munoziva, zvakada kufanana nepandakaponeswa. Ndaigara ndichinzwa nezvaMwari vari Mwari vakuru. Uye, munoziva, pandakaponeswa, ini...Mumwe munhu akati, “Zvino zvaunofanira kuita zvoga kujoinha chechi, woisa zita

rako mubhuku rechechi ino pano pachechi yeBaptist. Ndizvo zvoga zvaunofanira kuita.”

⁷⁴ Asi, munoziva, rimwe zuva ndakaona kuti ndaiva mugari wenhaka yechimwe chinhu, chanda—nda—ndaida kunyatsochitarisa uye ndoona zvandaive nazvo. Munoziva, ndizvo zvandingori. Sechi—chitoro chikuru, uri muridzi wacho, uye—uye zvinhu zvose zvirimo ndezvako.

⁷⁵ Iwe—iwe hauzive zvaunenge unazvo kusvikira watanga kutsvaga muBhaibheri, kuti uwane vimbiso dzacho. Amen. Vachakudzivisa kubva kwadziri kana vachikwanisa; asi ndedzako. Vimbiso yese yakaitwa kuna Abrahamu nekuMbeu yake inouya shure kwake. Amen. Vimbiso yose yaMwari iri muShoko ndeyaAbrahamu neMbeu yake, uye iwe uri mudyi wenhaka kwairi. Mudyi wenhaka! Oo, ini zvangu! Ndinoda kutarisa kuti ndiwone zvandinazvo. Kana mumwe munhu akandipa chimwe chinhu, ndinoda kunyatsochitarisa. Uye ndinoda kutarisa nemuBhaibheri ndoona kuti zvangu ndezvipi. Mbeu yose yaAbrahamu inofanira kudaro, kana uchinge wazvarwa patsva, wazadzwa neMweya waMwari, uye Mweya Mutsvene uri pauri, uri mudyi wenhaka kune imwe neimwe yevimbiso idzodzo.

⁷⁶ Munoziva, zvakaite sezvandataura, chitoro chikuru, nokuti takabhabhatidzwa muchitoro chikuru ichocho. NeMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muMutumbi mumwe chete, zvino Mutumbi iwoyo ndiKristu, anova Mbeu yeHumambo yaAbrahamu, uye vagari venhaka yezvinhu zvose zviri machiri. Amen. Zvose zvaiva muna Mwari, Mwari vakazvidurura muna Kristu; zvose zvaiva muna Kristu, Vakazvidurura mumutendi. Amen. Mwari vari pamusoro pedu, Mwari vanesu, uye Mwari vari matiri! Zvose, vimbiso yose iri muBhuku, ndeyako kana uchigona kuzvitenda, kana uine kutenda kwakakwana kwekuzvigamuchira nekuzvitenda.

⁷⁷ Munoziva, ndinotarisa-tarisa, kana ndikaona chimwe chinhu chakakwirira zvakananyisa, ndoshaya kuziva kuti chii chiri umo, ndinotora manera ndoasundirapo, ndoramba ndichikwira kusvika ndasvika pachiri. Ndiyo nzira yacho, vimbiso muBhaibheri, kana chimwe chinhu chikaita sechakavanzika kwandiri, ndinongoramba ndichinamata kusvikira ndachisvikira. Ndizvo zvoga. Ndiyo nzira yekuzviita nayo. Ramba uchinyengerera, ramba wakabatarira, uchikwira mudenga, uchitenda, kusvika wava... Wava mudyi wenhaka yacho, une vimbiso kwachiri, uye une kodzero kwachiri, zvino, “Kumbira uye uchagamuchira, nokuti zvinhu zvose zvinogoneka kune avo vanotenda.”

⁷⁸ Zvino tinoona kuti Abrahamu akafamba nemunyika yacho. Mwari vakamuudza, vakati, “Famba nemunyika yose, uitarise.

Zvinhu zvose zviri muno ndezvako. Zvose hazvo ndezvako. Zvose ndezvako.”

⁷⁹ Zvino tinoona zvino, kuti, muchitsauko 14 chaEksodho zvino kana...chitsauko 14 chaGenesi, ndiregerereiwo. Muchitsauko 14 chaGenesi, Abrahama naRoti vaive vapatsanurwa, uye Roti pakupedzisira akapinda mudambudziko. Uye unogara uchidaro, paunozvipatsanura kubva pane vatendi, unopinda mudambudziko. Tinoona kuti madzimambo akaita mubatanidzwa ndokuita hondo. Uye vakaburuka vakatora Sodhoma, vakatora Gomora, vakatora madzimambo avo ese emumapani nemumipata, nezvose, ndokutora Roti. Uye vanhu vashoma chete vakatizira kumakomo.

⁸⁰ Zvino pavakadaro, mumwe munhu akapunyuka akauya kuzoudza Abrahama muHebheru, akataura, kuti, “Sodhoma rawa, neGomora, uye vatora madzimambo awo, ne—nezvimwe zvakadaro, uye vatora vanhu vose, nezvekudya zvavo nezvose zvavaiva nazvo. Zvino vatora Roti nemudzimai wake, nevanasikana vake, madzimai ose, uye vatoenda navo.”

⁸¹ Zvino, Abrahama, tarisai mweya weChikristu uyu achitevera hama yake. Kunyange hazvo, zvakadaro, Roti adzokera shure, adududza, zvakadaro Abrahama aimuda. Akaramba achitevera.

⁸² Sezvakangoita Jesu, muZera reChechi yeRaodhikia. Asi zvakadaro, vakaMubuditsa muchechi yavo. Zvino Akanga ari kunze, achigogodza, achiedza kudzoka mukati. [Hama Branham vanogogodza papurupiti—Mupepeti] Dai Aingokwanisa kuwana mumwe munhu anovhura musuwo kuti Apinde!

⁸³ Hoyoka mweya uya waAbrahama, munoono, achitevera hama yake yakawa, yakaderereso. Zvino akamutevera, ndokutora varandarume vake 300 akavapa zvombo. Zvino akasangana naye kuDhani; ndiko kumucheto-cheto kweParastina ikoko. Uye akasangana naye ikoko, akazvipatsanura pahusiku, akatevera ndokurwisa mauto acho, uye akakunda madzimambo, ndokuvauraya, akadzosa vose vakanga vatorwa.

⁸⁴ Cherechedzai, paakadzoka, mufananidzo wakanaka chaizvo pano. Ndicho chikonzero ndiri kungoda kuita sekufanoongorora izvi zvishoma, kuti tigowana...ndisati ndasvika kuchidzidzo changu cha*Jehovha-Jire*. Kana mukacherechedza Abrahama achidzosa vose vakanga vakarasika, hama yake yakatsauka nevana, paakavadzosa, madzimambo akabuda kunosangana naye.

⁸⁵ Uye Merkizedheki akabudawo, “Aiva Mambo weSaremu, Mambo werugare, Mambo wekururama, Mambo weJerusarema; asina baba, asina amai, asina mavambo emazuva, asina magumo ehupenyu.” Merkizedheki akasangana naye pakuura... achibva kunouraya mambo wacho, kwaAri tateguru Abrahama

(vaHebheru 7) akasangana neMurume uyu ndokubhadhara chikamu chimwe kubva mugumi, chegumi. Anofanira kunge aiva Murume mukuru chaizvo uyu! Munofunga kuti aive ani? “Akanga asina baba. Akanga asina amai. Haana kumbova nemavambo.” Uye angave Ari Ani, Achiri mupenyu. “Haana kumboguma. Mambo weSaremu, Mambo werugare!” Oo, ko Murume mukuru uyu aiva Ani?

⁸⁶ Uye cherechedzai kuti mufananidzo wakadini watinowana pano. Mushure mekunge hondo yapera, mushure mekunge mutendi cha—chaiye arwisa muvengi, aputsa miganzu yacho uye aedza kununura hama yake, Mbeu chaiyo yaAbraham a ichidzosa hama iya yakatsauka, Merkizedheki akauya ndokupa waini nechingwa, chirairo, achipa chirairo mushure mekunge hondo yapera, akamupa chirairo mushure mehondo.

⁸⁷ Mufananidzo wakanaka kwazvo wekuti kana hondo ichinge yapera, pano panyika, kukunda kwaitwa. Jesu akati, “Vachachidya patsva muHumambo hwaBaba,” mushure mekunge vakatsauka vadzoswa. Zvino chinhu chekutanga chatinoita kana tapinda, mushure mekunge hondo yapera, kugara pasi patafura muHumambo hwaMwari. Zvino ipapo avo vakarwa, uye vakagara pasi nekukunda, vachange vakapfeka kururama kwaKristu, uyezve zvakare vanotora chingwa newaini, muHumambo hwaBaba kune rimwe divi. Mufananidzo chaiwo uyu, waAbraham a achibuda kunze kunotora Roti nokumudzosa.

⁸⁸ Zvino tinoona zvino, kuti muchitsauko 15, tinoona chimwe chinhu chinoshamisa kwazvo pano. Ndi—ndinoita sekufarira izvi, zvakananyanya chaizvo, ndichiona kuti Abraham a aive ani zvino, naAbraham a neMbeu yake yaizouya shure kwake. Tinoona pano, kuti mushure mekunge Abraham a aita zvinhu zvose zvikuru izvi; achitenda Mwari, akabaturira pavimbiso, achizvipatsanura, uye nguva yose achitevera nzira ye—yekuita mirairo yaShe; tinoona kuti Mwari vakaoneka kwaari paartari. Zvino Abraham a akaVabvunza mubvunzo, akati, “Zvino, ndiani mudyi wenhaka yangu kunze—kunze kwaEriezeri uyu weDhamasiko? Uye zvino Makandivimbisa Mbeu. Uye ndi—ndinoda kuti Muite chimwe chinhu; ndinoda kuti Musimbise vimbiso iyi kwandiri.”

⁸⁹ Uye Mwari vakataura kuti Vaizoisimbisa kuna Abraham a, vachisimbisa sungano yaVakanga vaita pakati paVo naAbraham a. Zvino Vari kuzomupa chiratidzo chekuti zviri kuzova zvechokwadi. Kutu, kunyangwe akwegura, ava nemakore angaita 85 zvino, asi zvakaadaro Vari kuzoratidza kwaari, nechiratidzo, kuti Vachachengeta sungano iyoyo.

⁹⁰ Oo, ndinofara kwazvo kuti Mwari vanogara vachitipa zviratidzo, nokuti iVo... Tinofanira kuziva, nhasi, kuti nguva yatiri kurarama zvino, panofanira kuva nechiratidzo munyika

panguva ino. Tinofanira kutsvaga chiratidzo ichocho. Mwari havambofa vakaita chimwe chinhu vasina kutanga vapa vanhu chiratidzo neyambiro. Uye chiratidzo chechokwadi chinoteverwa nenzwi, uye inzwi racho rinogara riri inzwi reMagwaro.

⁹¹ Zvino Vari kuzosimbisa sungano yacho kuna Abrahamama, kana kuti Abrama, nazvino. Uye Vakati, “Tora tsiru duku.” Zvino, rangarirai, kune mhuru hadzi. “Uye tora sheche yembudzi yemakore 3. Imwe neimwe inofanira kuva nemakore 3.” Cherechedzai, tsiru rine makore 3, hadzi; mbudzi ine makore 3, hadzi. “Negondohwe,” mukono. Chimwe nechimwe zviri 3, makore 3, uye pane 3 zvazvo. Zvitatu; hadzi, hadzi 2, nemukono mumwe. Maona? Chibayiro chemakore 3, chakachena, gwayana... tsiru, sheche yembudzi ine makore 3, uyezve negondohwe.

⁹² Kana mukacherechedza, zvese zviripo ipapo zvinoubika kuva chiratidzo. Uye zvino handifanirwe kuparidza dzidziso kubva papuratifomu pano, uye ndine chokwadi chekuti zviri pedyo zvakakwana kuti muone. Cherechedzai. Zvino akatora shiri 2, 2. “Imwe ihangaiwa uye imwe yacho injiva,” dzinova mhuri imwe chete, hangaiwa nenjiva.

⁹³ Zvino akachekeka mbudzi... gwai nepakati. Akachekeka go—gondohwe nembudzi, nezmimwe. Akazvipatsanura, akazvichekeka nepakati, ndokuzviradzika pasi. Asi njiva, iye... nehangaiwa, haana kudzipatsanura. Izvozvo zvaiva, honguka, chero ani zvake anoziva Magwaro, anoziva kuti ikoko kupodza kwaMwari. Munooni, kuri musungano dzose dziri mbiri. Uye saka tinoona kuti, akazviisa imomo. Kupodzwa kwagara kuri kubudikidza nekutenda muRopa rakadeurwa, nguva dzose. Zvino sungano yekare yaiva nekupodza kwaMwari, ko Sungano Itsva inako zvakapfuura zvakadini? Maona? Kana sungano yekare yakava nako, ko Itsva yacho, apo, “Itori sungano iri nani nekure, inotaura pamusoro pezvinhu zviri nani, zvepamusoro, zvinhu zvikuru, zvinhu zviri nani”? Sungano Itsva!

⁹⁴ Zvino tinoona mune izvi, kuti Abrahamama, paakaita izvi, zvino cherechedzai vakaitika. Zvino heino pfungwa huru, yakatanhamara. Handidi kuti mu—mu—muzvipotse. Kusimbiswa kwesungano, nemamwe mashoko, ivimbiso, yekuti, “Ndakatendeka kune zvaNdinoita kana zvaNdinotaura kuti Ndichaita,” Mwari vachizvisimbisa kuna Abrahamama.

⁹⁵ Uye akatora zvibayiro izvozvo ndokuzviuraya, akazviisa padivi nepadivi, pamwe chete, paaizviisa pasi; ndokurinda achidzinga shiri kubva pazviri, kuti shiri dzisauye panyama ichangouraiwa iyi, kusvikira zuva rave kunonyura, madekwana. Zvino zuva parakadzika, kana kuti parainge rava kunonyura, pano Vakaratidza Abrahamama zvaVaizoita mune ramangwana, izvo zvaizoitika.

⁹⁶ Cherechedzai, Vakaudza Abrahama: Chinhu chekutanga chaakaona kwaiva kutyisa kukuru kwerima rakamufukidza. Kutanga, hope huru kwazvo dzakamubata. Zvino, hope idzodzo dzaimiririra rufu kuvanhu vose. Munhu wese anofanira kufa; rufu kuvanhu vose. Hope idzodzo dzakauya paari; uye zvisati zvaitika izvozvo pakapfuura nokutyisa cha—cha—chaiko kwerima; ndokubva pazobuda vira remoto; uye tevere Chiedza chidiki chinopfuta chakapinda napakati pesungano, chikapinda napakati pezvibairo, ndokuzvipatsanura. Zvino zvinorevei izvozvo? Zvinoreva kuti munhu wose anofanira kufa; uye chaizvoizvo, mushure maizvozvo, akakodzera kuenda kugehena; ndizvozvo, murima, rima rekunze, akapatsanurwa kubva kuna Mwari; asi Chiedza chakapinda, ndokupinda pakati, chichipatsanura zvibairo izvozvo. Kana muchinzwisisa, isu . . . Sungano iyoyo!

⁹⁷ Seseu vemuAmerica, tinoita sungano chirudzii? Zvinoka, chinhu chekutanga chatinoita, ngatitii, tiri kuzova nerimwe bhizimu kana chimwe chinhu, tinowanzebuda tonodya; uye togora pasi, totaura kwechinguvana, tobva tapa pfungwa dzedu; uye tobva takwazisana maoko mumwe nemumwe. Toti, “Ngatikwazisanei maoko!” Ndiyo sungano yedu. Ndiyo vimbiso yedu.

⁹⁸ Zvino, muJapan, munoziva here maitiro avanoita sungano muJapan? Vanowanawo chimwe chinhu chekudya; vobva vazatora chikasha chidiki chemunyu, vomwayana munyu. Ndiko kusimbiswa kwesungano.

⁹⁹ Tinokwazisana maoko, toti, “Zvasimbiswa, chikomana. Ndinozvitenda. Ndichagara newe. Ivimbiso.”

¹⁰⁰ MuchiJapan, Japan, vanomwayana munyu. “Zvasimbiswa, bhururu. Ndiwo magumo azvo.” Ndiko kuguma kwegakava rose zvino. Ivo, vaita sungano, vakaisimbisa, nekumwayana munyu.

¹⁰¹ Asi mumazuva ekare . . . (Ndingawanawo here rimwe reaya?) [Hama Branham vanatora chidimbu chebepa—Mupepeti] Mumazuva ekare, heino nzira yavaiita nayo sungano. Taiita chibvumirano, uye taitora chibvumirano chacho tochinchora saizvozvo. Uye zvadaro tauraya mhuka, chibayiro; toipatsanura, toiwariidza sezvazvaiva munguva yaAbrahama ipapo. Uye taibva tamira pakati pesungano iyi, iwe neni, zvino toita mhiko kuna Mwari. “Kana tikatadza kuchengeta sungano iyi, dai tikava sechipiriso chafa panzvimbo yedu. Regai ropa iro rechibayiro ichocho rigotipupurira. Dai tikafa rufu rwumwe cheterwo, kana tikakundika kuchengeta sungano yacho.”

¹⁰² Zvino zvese zvinobva zvadhirowewa, kana kuti kunyorwa pabepa saizvozvo. Zvadaro rinobvarurwa nepakati, saizvozvo. [Hama Branham vanobvarura bepa nepakati—Mupepeti] Zvino iwe unотора hafu, ini ndотора imwe hafu yacho. Uye zvino, munoona, haugone kuzvitevedzera zvachose, kunyanya

kana zvakanyorwa padehwe rehwai. Munooni, haugone kuzvitevedzera zvachose. *Ichi* chinofanira kunyatsoenderana *neicho*, kuti zvibude saizvozvo. Uye kana tauya pamwe chete, ini ndinotakura chimwe chikamu, iwe wotakura chimwe chikamu chacho. Zvino ipapo kana tauya pamwe chete, uye sungano iyi iri kuzoitwa, uye mhiko dzedu dziri kuzozadziswa, zvino bepa rangu rinofanira kunyatsoenderana nebepa rako, saka naizvozvo ndiwe unenge uneni musungano yacho.

¹⁰³ Izvo Mwari vairatidza ipapo kuti Vakanga vachiita, kuti Mwari pachaVo vaiburuka kuzoitwa nyama, uye Vaizova musungano. Zvino Mwari vakatora Kristu, Mweya; Mwari Jehovha vakatora Kristu, pamuchinjikwa, uye VakaMubvarura nepakati. Vakabvisa mweya waKe ndokuuisa Kumusoro, ndokutora mutumbi vakauisa muguva. Uye ndokubva vasimudza mutumbi wake, mangwanani erumuko; ndokutumirazve Mweya wakanga uri paAri, kuti uve paChechi. Kutu, kusimbiswa kumwe cheteko mumazuva ano ekupedzisira, “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi,” uko sungano imwe cheteyo yaifanira kuva muvanhu.

¹⁰⁴ Uri kuzoIwana sei kuburikidza nedzidzo? UngaIwana sei neimwewo nzira kunze kwekusimbiswa kwaJesu Kristu mupenyu, akamuka uyo akamutswa kubva kuvakafa uye agere muHumambo Kumusoro, manheru ano? Aine Mweya mumwe chete wakanga uri paAri, uri paMbeu yeHumambo yaAbrahama, mumazuva ekupedzisira, achisimbisa nekutatidza kuti ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Amen. Zvinokuita kuti unzwe manyukunyuku ekunamata, handizvo here? Hezvoka izvo, musungano chaiyo, “Nyora sungano yaNgu pamwoyo yavo.” Jesu akati, “Zvinhu zvaNdinoita nemiwo muchazviitawo.”

¹⁰⁵ Patiri kusvika kumusoro kuno kuSodhoma, mumaminitsi mashoma, tarisai zvazviri, kuti zvinoitika sei ipapo, chaizvo zviri vimbiso yezuva rekupedzisira nezvaVaizoita.

¹⁰⁶ Vakanga vachizvisimbisa, vachiratidza kuti iVo... Vakabvarura mutumbi waJesu nepakati, vachitora Mweya, ndokuendesa mutumbi kumusoro kuruoko rwerudyi rweChigaro chaMwari chehushe; ndokutumira chimwe chikamu pasi, chikamu chaVakabvarura, Mweya uri patiri, unonzi Mweya Mutsvene. Uye Hupenyu chaihwo hwaiva muna Kristu huri mauri, zvinoratidza kuti ndiYe Mudzikinuri wako. Akakugadza semwana kuna Mwari, uye zvino tiri vanakomana nevanasikana vaMwari, neMweya waKristu. Amen.

¹⁰⁷ “Mabasa aNdinoita nemiwo muchaaaitawo. Makuru kune aya muchaaaita, nokuti Ndinoenda kuna Baba vaNgu.” Amen.

¹⁰⁸ Mweya wakanga uri maAri uri pauri, Hupenyu Husingaperi. Ndiye mupi weHupenyu Husingaperi. Iye Mudzikinuri, kudzosa icho chakawa mukuwa, murudzi rwevanhu, kuchidzosa kuna

Mwari. Uye Mweya waiva muna Kristu uri mauri. Uye dai mweya wa—waDillon waiva mandiri, ndaizova nepfuti. Dai mweya wenyanzvi yekupenda mifananidzo waive mandiri, ndaizopenda mifananidzo. Kana Mweya waKristu uri mauri, unoita mabasa aKristu. Amen. Ndizvozvo. Hupenyu hwaiva maAri huri mauri.

¹⁰⁹ Endesa hupenyu kubva mune chimwe chinhu huchienda mune chimwe. Kana ukakwanisa kutora hupenyu hwe—hwenhanga wohuisa mudzinde remanwiwa, raizobereka manhanga, chaizvozvo. Ukabvisa hupenyu kubva mumuti wemapichisi, wohuisa mumuti wemapeya, unobereka mapichisi, nokuti hupenyu huri mumuti wacho hunopa humbowo hwawo.

¹¹⁰ Zvino heyo nzira iyo Mbeu yeHumambo; kubudikidza naIsaka kwakauya mbeu yepanyama, yakaIramba. Mumuchinjikwa, kubva kuna Efraimi kuenda kuna Manase, pakashandurwa, ropafadzo kubva muruoko rwerudyi kuenda kuruboshwe; kana kuti ruoko rweruboshwe rwaiva rwuri rwekuruboshwe, mudukusa kuenda kumukurusa; kubudikidza nepo ipapo pakashandura mampiriro ese ezvinhu kubva kumbeu yepanyama yaIsaka, iyo yakaramba Kristu, uye chechi yepanyama nhasi ichiri kuMuramba.

¹¹¹ Asi Mbeu yepamweya, yeHumambo yaMwari inotenda, Mbeu yeHumambo yaAbraham inotenda Shoko rose raMwari, pane kusimbiswa kwaJesu Kristu mupenyu, akamutswa mavari. Amen. Amen. Oo, ini zvangu! Munoon, zvimwe chete zvazvaiva, Chechi yose inofanira kuva nehukama.

¹¹² Pazvakafananidzirwa mumbeu yepanyama, tarisai, Isaka naRebheka dzaive hanzvadzi vasiri vemumba, hukama hweropa, madzibaba mamwe chete; munoon, madzibaba acho vaive mukoma nemunin'ina, zvakavaita hanzvadzi nehanzvadzi veropa vasiri vemumba, mwenga nechikomba.

¹¹³ Uye muna Adhamu naEvha, vese vaiva Adhamu, pakutanga kwacho. Mwari vakatora mbabvu kubva parutivi rwake ndokugadzira mudzimai, zvino Vakatora mweya wechidzimai kubva muna Adhamu ndokuuisa mumudzimai.

¹¹⁴ Nokudaro kana mudzimai akaita semunhurume, pane chimwe...pane chakatsveyama ipapo pane imwe nzvimbo. Uye kana murume achida kuita sezigadzi, pane chimwe chinhu chakatsveyama pane imwe nzvimbo. Mwari vakaita murume vakamupfekedza semurume, nemudzimai semudzimai. Vanoramba vakaita kuti vave saizvozvo. Amen. Paunovaona vachiita chimwewo chinhu, pane chimwe chinhu chakatsveyama. Zvakatsveyamiswa. Uye chinhu chacho chese changove boka revanhu vakatsveyama. Ndizvozvo chaizvo. Rudzi rwose, chizvarwa chose, ndicho, “chinhu chacho chose irona rakaora,” sezvakataurwa neBhaibheri. Hapana kana chakanaka chero papi zvapo. Munoziva kuti ichokwadi.

Haugone kuwana kana ani zvake—ani zvake pakati pavo. . . Asi enda mumugwagwa, zvakaoma kuwana murume chaiye; vangori zvigadzi zvandisati ndamboona. Uye madzimai, vanopfeka midhebhe, vanogera vhudzi ravo, vanopenda miromo, vanoputa fodya, oedza kuva murume. Unoda kuva murume nekuda kwei? Unofanira kuva mudzimai kwaye.

¹¹⁵ Ndakaona chiratidzo, chakanzi, “Matafura emadzimai kwawo,” mubhawa.

¹¹⁶ Ndikati, “Hamuna kumbobvira makava kana nekastoma.” Mudzimai kwaye haaende kunzvimbo yakadaro. Kwete, changamire. Kwete, mudzimai kwaye haadaro. Mukadzi anogona kudaro, asi kwete mudzimai kwaye. Haambopinda munzvimbo yakadaro. Asi hezvoka izvo, munoono.

¹¹⁷ Mwari vakapatsanura, vakacheka. Munoono, Mutumbi, Mwenga waKristu, unofanira kudzoka chaiko kwekutanga. Zvino Evha akanga. . .

¹¹⁸ Evha aiva chii? Iye naAdhamu vaingova mumwe. Vainzi Adhamu. Vaiva mweya. PaVakasika munhu, kekutanga, Vakamuita ari mumufananidzo waVo pachaVo. Uye Mwari Mweya. “Mumufananidzo waMwari Vakamusika, murume nemudzimai Vakavasika.” Vaive. . . uyezve zvakadaro pakanga pasina munhu wekuti angarima ivhu. Zvino Mwari vakaumba munhu kubva muguruva renyika ndokuisa mweya uyu wakapetwa kaviri maari, zvino ndiye aiva Adhamu wekutanga.

¹¹⁹ Zvino paVakapatsanura Evha kubva muna Adhamu, Evha akawa nekusatenda Shoko. Ndizvozvo. Ndipo pakakundika chechi nhasi, kusatenda Shoko!

¹²⁰ Asi panyaya iyi, kuMbeu yeHumambo, yakadanwa, yakafanotemerwa kuHupenyu Husingaperi, Mbeu yeHumambo yaAbrahama, vanotenda Shoko iroro. Handina basa nezvinouya kana kuenda, kuti vanoseka zvakadini, kuti ndiani anotaura *izvi*, *izvo*, kana *zvimwewo*, vakafanotemerwa kuHupenyu Husingaperi. Uye anodzokera akanangako chaiko. Iye neMudiwa wake, Kristu, vanongova mumwe. Hupenyu, Mweya uri muna Kristu, uri muChechi. Ndiyo sungano yavo yeKusingaperi, pano. Maona? Mwari vakatora Mweya waKristu, vakaubvarura nepakati, pachipiriso paKarivhari; ndokutora Mweya iwoyo, vakasimudza mutumbi ndokuuisa kuruoko rwerudyi rweChigaro chehushe chaMwari neHumambo Kumusoro. Kureva kuti, zvose zviri Kudenga zvinotongwa naYe. Uye zvakare Mweya waiva pamusoro paKe, wakadzoka; Mweya mumwe chetewo, kwete mumwewo Mweya, Mweya mumwe chetewo wakauya pamusoro paKe, kuzosimbisa sungano kuMbeu yeHumambo.

¹²¹ Uye mumazuva ekupedzisira tinofanira kuzviona, maringe neMagwaro. Uye Mwenga waKristu usati watorwa kumusoro, panofanira kuva neshumiro inonyatsopindirana nazvo

chaizvo. Amen. Ndinofara zvikuru kutaure, manheru ano, kuti ndinoziva kuti iChokwadi. Amen. Kunyatsopindirana, zvichisimbisa sungano!

¹²² Vakaisimbisa ipapo, vakamuratidza zvaVaizoita, vachisimbisa sungano. Mudzidzi chero upi zvake weBhaibheri anoziva kuti ndipo paVakasimbisa sungano kuna Abrahamama. Vakanga Vachiitei? Vachiratidza mumufananidzo, izvo zvaVaizoita, nezvibayiro izvi.

¹²³ Uye zvino nguva yave kupera, uye handisi kuzowana nguva yekupatsanura zvibairo izvi. Ndichatozoviita mangwana manheru, asi, cherechedzai, kuratidza izvo, zvairehwa nezvipiriso izvi. Asi, munoona, Vakazvisimbisa, vachiratidza kuti mumazuva ekupedzisira . . .

¹²⁴ Zvino chero ani zvake akamboveenga nhoroondo yekare, anoziva kuti ndiyo nzira yavaiita nayo sungano. Vainyora, voibvarura, votambidzana; mumwe aitora chimwe chidimbu, mumwe otera chimwe chacho. Vaizodzoka, pachibairo chacho, voita chibayiro chavo. Ndizvo zvakaaitwa naAbrahamama ku . . . zasi kuGera, nezvimwe zvakadaro, kwaakaendako, kwavaipirisa paartari . . . vaipirisa chibayiro chavo voita zvibvumirano zvavo, nokuchibvarura saizvozvo. Zvino Mwari vakaita chinhu chimwe chete, vachiratidza ipapo izvo zvaVaizoita kuna A- . . .

¹²⁵ Mubvunzo waiva wekuti, “Mbeu iyi iripi—iripi yaMakandivimbisa? Kupi? Ndichazova iyo sei? Vanhu vari kundiseka, vachiti, ‘Abrahamama, baba vemarudzi, ave makore 15. Zvino une makore 85 okuberekwa, kana kuti—kana kuti 90. Varipi, varipi, varipi, varipi vana vako vose? Mune vana vangani zvino, baba vemarudzi?’” Munooona, vachimuseka. Asi haana kudzedzereka. Akagara nayo chaizvo. Vakaseka, vakati, “Baba vemarudzi, zvino ngationei, mune vana vangani panguva ino?” Munooona, vachida kuita dambe, nokuti ainge akabatirira pavimbiso dzaMwari, achitenda kuti Vanokwanisa kuchengeta zvaVakavimbisa. Ivo—Ivo vanokwanisa nekupfuurira. Ivo . . .

¹²⁶ Vanogona kupa chibairo chaVo pachaVo. NdiJehovha-Jire. Vanogona kupa nekugadzira nzira yezvaVakavimbisa. Zvino Vakasimbisa sungano kwaari nokumuratidza kuti Vaizovyiita sei, vachitora Kristu nekubvarura Hupenyu kubva maAri, nekuhutumira zasi mumazuva ekupedzisira pane . . .

¹²⁷ Zvino tichapedzisa izvozvo muMagwaro, vhiki rino, kuzviratidza kwamuri, kuti sungano iyi inofanira kusimbiswa neMbeu yeHumambo yaAbrahamama, vanova vanhu vanobva kuMarudzi, kwete maJudha, “vanhu vanobva kuMarudzi, nokuda kweZita raKe,” vachizvitora kuitira Zita raKe. Chechi ine Zita raKe ichadzoka maAri, nokuti ndizvo zvaIri, Hupenyu hwayo.

¹²⁸ Teerera, paya paZuva rePentekosti, Mweya Mutsvene pawakaburuka paZuva rePentekosti, Hupenyu hwakapihwa

kuChechi. Uye Chechi iyoyo yakabuda kunze chaiko ikaburitsa, vakanyora shure kweChechi iyoyo Bhuku raMabasa, ezvaYakaita, nokuti aiva Kristu muvaapostora.

¹²⁹ Zvino Jesu akati, muna Mutsvene Johane 15, “Ndini Muzambiringa, imi muri matavi.” Zvino, Muzambiringa haubereke muchero. Davi ndiro rinobereka muchero. Rinopihwa simba neMuzambiringa. Saka, zvino, kana davi iroro, rekutanga rakabuda pamuti iwoyo, rakaburitsa Bhuku raMabasa; kana ukazomboburitsa rimwe davi, unozova Hupenyu humwe chete.

¹³⁰ Mwedzi mishoma yapfuura, ndaive ndakamira neshamwari yangu yakanaka, John Sharrit, kumusoro uko kuPhoenix. Ndinogara kuTucson, sezvamunoziva. Uye saka ndakanga ndiri kumusoro kuPhoenix, Hama John Sharrit, hama yeChikristu yakanaka kwazvo. Uye vaiva murombo chaiye, wechokwadi, zvino Ishe vakavaropafadza. Zvino—zvino pandakatanga kuenda kuPhoenix, makore apfuura, vakanga vasina vana. Uye—uye vakanga vachida vana. Uye—uye ivo, vari murombo, vachishanda mumugwagwa, vachitsemura kongiri, zvingaita 25, 30 senzi paawa. Zvino vakauya zasi ikoko, ndokutenda Shoko rose reMharidzo. Zvino vakati, “Mungandinamatirawo here?” Vane vana 5 zvino.

¹³¹ Uye kuti, kunze kwaizvozvo, vanopa madhora 3 miriyoni kusvika 4 miriyoni gore rega-rega kuchinangwa chaKristu. Uye ndizvozvo. Ndaiva navo pano, nguva shoma yakapfuura, ndichiona purazi ravo redonje. Vakatotenga dunhu rose chairu, vaiva nevanhu vekuMexico 1,500 vaishanda pariri. Uye aive, makore 15 akapfuura pavaitsemura kongiri, vachiwana 25 senzi paawa.

¹³² Vakandiendesa kuochadhi yavo huru yemichero yemacitrus. Zvino ndakaona muti usinganzwisisi, ikoko, wandisati ndakamboona muhupenyu hwangu. Yaiva imwe mhando yemuti, waive nemhando dzose dzemichero pauri. Zvino ndakatarisa, uye waiva nemananjisi, waiva nemalemani, waiva nemagrapefruit, waiva nematanjarini, waiva nematanjero. Ndinofunga kuti paiva nemhando dzinenge 9 dzemichero yakasiyana, kana 10. Zvino ndakati, “Muti rudziiko iwoyo?”

¹³³ “Oo,” vakati, “icho chinongova chimwe chinhu chiduku chatiri kuedza kuita, Hama Branham.”

¹³⁴ Ndikati, “Oo, ndazviona.” Zvino ndakati, “Yose iri kurarama pamuti mumwe chete iwoyo?” Ndikati, “Imhandoi yemuti, pakutanga kwacho?”

¹³⁵ Vakati, “Muti wemananjisi. Iranjisi rine guvhu.”

¹³⁶ Ini ndikati, “Ndiwo nhai?” Ndikati, “Ko mimwe michero iyi iri kutsvagei ipapo?”

Ndokubva vati, “yakaita zvekudzimikirwa mauri.”

¹³⁷ Ndikati, “Oo, ndazviona.” Ndikati, “Ndazvinzwisisa.” Ndikati, “Zvino, zvino gore rinouya, zvinhu zvose zvichadzokera pakuva muranjisi, handizvo here?”

¹³⁸ Vakati, “Oo, kwete.” Vakati, “Kwete, muremani uhabereka remani.” Vakati, “Iyo... uye mugirepifurutu uhabereka girepifurutu, uye nemutanjarini uhabereka tanjarini.”

Ndikati, “Kubva mumuti wemaranjisi nhai?”

Vakati, “Hongu, changamire.”

Ndakati, “Handisi kuona kuti zvingaitika chirudzii.”

Vakati, “Yose michero yemacitrus.”

Ndikati, “Zvinoka, Ishe ngavarumbidzwe! Ndaona chimwe chinhu.”

¹³⁹ Honai! Oo, hama, Mwera Mutsvene iwoyo pawakauya muDzinde iroro, ukabereka kubva paDzinde rawo kusvika padavi rekutanga, uye vakanyora Bhuku reMabasa shure kwaro, kana muti iwoyo ukazombobuditsa rimwe bazi repakutanga, unoburitsa chinhu chimwe chetecho. Achange ari Jesu Kristu. Zvino tine Methodist, Presbyterian, Baptist, Lutheran, zvimwe zvose zvakadzimirwa mauri, zvichibereka muchero wemasangano; asi kana ukazomboburitsa rimwezve davi, rinenge riri Shoko raMwari rechokwadi, rakadzwa naKristu, rakanangiswa pana Kristu.

¹⁴⁰ Uye, rangarirai, munorangirira mharidzo ye*Muti weMwenga*. Vazhinji venyu munotora tepi. Kutu murimi akauya sei, uye wakanga uchibereka mhando yemuchero usiri iwo, saka akaukwanhura, ndokuukwanhura, akaramba achiukwanhura, nekuukwanhura. Asi Joere akati, “Zvakasiwa nemuteteni, zvakadyiwa nemupedzachose; izvo mute-... zvakasiwa nemupedzachose, chimwewo chinhu chakadya.” Tinoona kuti zvipembenene zvacho zvipembenene zvimwe chete, zvinongova padanho rakasiyana chete. Uye zvakasiwa neLutherani, Methodist yakadya; zvakasiwa neMethodisti, zvakadyiwa neBaptisti; zvakasiwa neBaptisti, maPentekosti akadya. Chinhu chacho chose chakakwanhurwa kusvika pasi.

¹⁴¹ Asi Mwari vakati, “Ndichadzoreredza, ndizvo zvinotaura Jehovha, makore ose. Ndichatumirazve imwe Chechi, mumazuva ekupedzisira. Ndichadzoreredza Simba repakutanga zvakare. Ini... Munguva yemanheru, kuchava neChiedza.” Zasi mukoyo wemuti iwoyo, zvisinei kuti matavi mangani akakwanhurwa, kuchabuda Mbeu yeHumambo yaAbrahama! Hareruya! Mwari vakazvivimbisa. Mwari vachazviita. Vakati Vaizozviita. “Ndichadzoreredza makore ose akadyiwa nemasangano. Ndichadzoreredza makore ose. Ndakakwanhura chinhu chacho, asi zvakadaro pachabuda Dzinde kubva pamoyo wacho. Achava semuti wakasimwa panzizi dzemvura, munhu anofungisisa paShoko raMwari, siku nesikati,” kwete chitendwa

kana sangano, “asi anofungisisa paShoko, siku nesikati. Achava semuti wakasimwa parwizi rwemvura; matavi acho haangasvavi. Achabereka muchero wake mumwaka.” Mwari vakazvivimbisa.

¹⁴² Mwari, vachibvarura, vachibuditsa, vachitsemura, vachiZvipatsanura, vachiZviparadzanisa. Vakaita zvimwe chetezvo paZuva rePentekosti, Mweya Mutsvene pawakadzika. Shongwe yeMoto iya yakaburuka, yakatevera Israeri, tose tinoziva kuti yaive Rogosi, aive Kristu. Uye paYakadzika, paZuva rePentekosti, Yakaitei? YakaZvipatsanura, uye ndimi dzeMoto ndokugara pamusoro pemumwe nemumwe wavo. Mwari vachiZvigovanisa pakati pevanhu. Oo, hama, unogona kusapatsanurwa, neMweya mumwe chete waiva muna Kristu.

¹⁴³ “Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaaitawo. Makuru kudarika aya, kana kuti *mazhinji* kudarika aya,” dudziro yacho chaiyo “nokuti Ndinoenda kuna Baba. Asi, kwechinguvana nyika haichazoNdionazve, asi imi muchaNdiona, nokuti iNi,” chisazitasingwi, “Ndichava nemi, kunyange mamuri, panguva yekupedzisira, kumagumo.” Akavimbisa kuzviita. Mbeu yaAbrahama, Ari pano zvino. Ari...

¹⁴⁴ Tiri pano, mazuva mashoma apfuura, taipemberera kumuka kwaKe, kuti Mwari vakaMumutsa. Tinozvipupura. Tinozviimba. Uye Anogona kutoonekwa oita chimwe chinhu chaAkamboita, sezvaAkangoita Asati amuka, tingatozviti, “muuki, dhimoni, Bherizebhabhu,” kuzvivharira kunze kwechechi. Tinozviitirei izvozvo? Tinofanirwa kuzadzisa Magwaro, kuti, muZera reRaodhikia, Shoko, raiva Kristu, rakaiswa kunze, [Hama Branham vanogogodza papurupiti—Mupepeti] achigogodza pamusuwo, achiedza kuwana kushandira pamwe pane imwe nzvimbo, opinda mukati kuzoZvizivisa.

¹⁴⁵ Asi pachabuda bazi kubva Ipapo, zvechokwadi chaizvo sechimweo chinhu chipi zvacho!

¹⁴⁶ Ndakati kuna Hama Sharrit, “Zvino imhandoi yedavi rauchabuditsa gore rinouya? Richange riri ranjisi here? Richange riri remani here? Richa...”

¹⁴⁷ “Hongu, richave repakutanga,” vakadaro. “Kana ukabuditsa rimwe davi kubva pauri, rinenge riri remuranjisi, sezvaraingova pakutanga.”

¹⁴⁸ Zvino kana Mbeu chaiyo, mhenyu yaAbrahama yauya, Mweya mumwe chete iwoyo waiva muna Jesu Kristu uchagara pakati pavo, Shoko rose richatsigirwa ne “Ameni.” VanoRitenda. Kwete kuti, “*Izvi* zvakafemerwa, uye *iZvo* hazvina kufemerwa.” Vanotenda Rose haro, nokuti IShoko raMwari.

¹⁴⁹ MunoZvitenda here, manheru ano, nemoyo wenyu wese? Ndinozvitenda.

mukusimbiswa kuna Abrahamama, kuti Makasimbisa vimbiso kwaari, vapeiwo kusimbiswa. Zvino kana mwe—kana Mweya waKristu usiri matiri, saka hapana zvatiri kuna Kristu. Uye hunhu hwaKristu haugoni kushandurwa.

¹⁵⁶ Uye Akatiudza zvakanaka, ndokuvimbisa zvinhu izvi maringe neBhaibheri, munzvimbo zhinji. Kunyange Testamende Yekare yakazvivimbisa, muna Maraki 4, kuti zvichange zvakaita sei mumazuva ekupedzisira, “Aizodzorerera mwoyo yevana paKutenda kwemadzibaba,” semadzibaba ePentekosti, Dzidziso yepamavambo yeBhaibheri, Shoko repamavambo, izvo zvaRaizoita. Uye paizova nechiratidzo, uye chiratidzo ichi chaizosimbisa, chaizosimbiswa neIzwi raizochitevera, kuti Muri pano. Uye tinoKutendai.

¹⁵⁷ Zvino, Baba, dai—dai Satani akabuda. Isu—isu hatitende kuti tine kana simba zvaro, Ishe. Hatizviti tine simba. Tinoti tine mvumo.

¹⁵⁸ Tinocherechedza, kamupurisa kari mumugwagwa, kane kangowani kari mumusoro, nemota huru dzichifamba dzichipfuura nemumigwagwa mikuru iyoyo, dzichimhanya mamaira 90 paawa, dzine injini ine simba remabhiza 300, kamupurisa aka hakana simba rekumisa kana imwe yadzo. Dzaizongokapwanyira pasi chaipo. Asi ingokaregai kachiratidza bheji iroro, kosimudza maoko ako, mabhureki anototswiridza nematayi anotorira. Imvumo. Guta rose riri shure kwake. Ane mvumo, kwete simba. Anogona kusarema mapaundi 100, asi ane mvumo.

¹⁵⁹ Uye ndizvo zvazviri manheru ano, Ishe. Tinouya kuna Satani, kwete nesimba, asi nemvumo, tichiratidza Ropa nekusimbiswa kwesungano. Haana kodzero yekubata vanhu ava vanorwara.

¹⁶⁰ Ndakavatarisa uye ndichivaona vachishingaira, pano, O Mwari, kana paine imwe nzira yandinogona kuunza Mharidzo kwavari! Dai vaingokwanisa kuona, Ishe, vongocherechedza! Vapeputsei, Ishe. Imwe nguva zvino, manheru ano, itai kuti vaone kuti Muri Mwari vamwe chete. Muri kusimbisa Shoko reNyu. MunoRichengeta sekungovimbisa kwaMakaita. Mumazuva ano ekupedzisira, Makati zvinhu izvi zvaizoitika, “Apo Mwanakomana wemunhu achange achizarurwa,” kuti zvinhu izvi zvaizoitika. Zviiteiwo, Ishe, uye muvaite kuti vaone kuti ndiMi. MuZita raJesu, ndinonamata. Amen.

¹⁶¹ Zvino tendai, shamwari. Muri ungano yakaisvonaka. Ndangopfuurira nguva yangu, munoono, uye nda—ndanga ndisingade kudaro. Ndavaudza kuti ini... tichabuda nenguva, manheru ano, asi ndatadza kudaro nekuti ini... Uye ndichapedzisa chidzidzo changu mangwana manheru, zvichida, Ishe vachitendera.

¹⁶² Zvino hepano patiri. Imi muri vanhu. Tese tinongova vanhu. Tinoda kurarama. Munhu wese anoda kurarama nguva yake. Ndinotenda kuti Mwari vanodawo kuti tidaro. Ndi—ndinozvitenda. Zvino, hazvisi nekuti hakuna Bhasami muGireadhi.

¹⁶³ Munoziva, zvakataurwa imwe nguva, “Sei, sei zvakadaro? Ko—ko hakuna bhasami here muGireadhi?”

¹⁶⁴ “Hakuna muporofita here ikoko?” Isaya akadaro, kana kuti, ndinoreva Eria akadaro. “Endai munomubvunza kuti, ‘Imhaka yekuti hakuna muporofita here muIsraeri? Sei uri kuenda kuEkroni kumusoro uko, chimwari Bhaari-zebhubhi? Sei, chii, uri kuenda kumusoro ikoko?’ Iye ari muJudha, ‘Sei uri kuenda kumusoro ikoko?’”

¹⁶⁵ Akati, “Imhaka yokuti hakuna bhasami muGireadhi here, hakuna chiremba here imomo? Pane here? Ndicho chikonzero chacho here?”

¹⁶⁶ Ndicho chikonzero chacho here? Kwete, Changamire. Tine Bhasami. Mweya Mutsvene uri pano. Hongu, changamire. Vimbiso ndeyedu. Zvino unofanira kuzvitenda chete. Iwe...

¹⁶⁷ Izuva rekuti pfungwa dzevanhu dzakapararira kwazvo, hava...Ndinovanzwira tsitsi. Havazive zvekutenda. Mumwe anotaura *izvi*, uye mumwe otaura *izvo*. “Uye regai shoko remunhu wese rive renhema, uye raNgu rive rechokwadi,” Ishe Mwari vakadaro. Ndizvozvo chaizvo. Zvino haVakwanise kushandura hunhu hwaVo.

¹⁶⁸ Zvino, ndinotenda manheru apfuura takatanga nekadhi rekunamatirwa 1 (handiro here?), uye tikadana kusvika kunge pana 20, kana zvimwe zvakada kudaro. Huh? Ngatingoshandurai maitiro iwayo. Ngatisawanei makadhi ekunamatirwa zvachose. Hongu, ingonamatai. Munoziva, kadhi rekunamatirwa rinongokuunza kumusoro kuno.

¹⁶⁹ Asi ndiri kunzwa Hupo hwaKe, saka ndinongoziva kuti Ari pano. Vangani vakamboona mufananidzo weMutumwa waJehovha iyeye? Zvehokwadi chaizvo, pandinosangana nemi paKutongwa, haAsi mafiti maviri kubva pandimire ipo pano. Ndizvozvo. Ari pano.

¹⁷⁰ Zvino mumwe munhu asina makadhi ekunamatirwa, simudza ruoko rwako, uti, “Handina makadhi ekunamatirwa, asi zvakadaro ndiri kurwara uye ndine chandiri kuda.” Saka, vangori kwese-kwese. Zvakanaka.

¹⁷¹ Zvino ndichakuudzai. Mutumwa iyeye akaitei kumusoro ikoko panguva iyoyo? Akafuratidza musana waKe, Akanga aine musana waKe wakafuratira Abrahama. Uyo, wandanga ndiri kuzosvika kwaari, manheru ano, uye handina kuzviita. Uye paAkati, “Zvichava zvimwe chete pakuuya kwaShe, sezvazvaiva paSodhoma.” Tinoona kuti, Akanga aine

musana waKe wakafuratira tende. Zvino Sara akaseka pane zvaAkataura, nokuti Akaudza murume. Uye mudzimai aisagona kuzvinzwisisa izvozvo, achingova mumwewo Murume kunze uko, achidya nyama yaaive afuraya, achinwa mukaka wemhou, uye achitodya mhuru yayo, uye vakanga vari Mwari.

¹⁷² Bhaibheri rakati vaiva vari. Abrahamama akati aiva, “Elohim.” Ndizvozvo. “Elohim,” *Mwari*. Akanyangarika pamberi chaipo paAbrahamama. Uye, “Mwari,” akaMudana kuti, “Ishe Mwari, Elohim, Uyo AkaZvikwanira.”

¹⁷³ “Pakutanga,” shoko rimwe chete rinoshandiswa. Chero mudzidzi upi zvake anozviziva izvozvo. “Pakutanga *Mwari*,” tarisai muchiHebheru, “Elohim.”

¹⁷⁴ Tarisai Abrahamama paakati, “Ishe Mwari, Elohim,” Murume mumwe chete, Munhu mumwe chete, zvichiratidza kuti Mwari vaizoZviratidza vari munyama yemunhu, kuMbeu yaAbrahamama, kusimbisa sungano, nokuita chinhu chimwe chete chaVakaita, (mazviona here?) zvimwe chete zvaVakaita ikoko. Agara ari muporofita anonzvera mifungo nezvinangwa zvemoyo. Nokuti, vangani vanoziva kuti Bhaibheri rakataura kudaro, “Shoko raMwari rinonzvera mifungo iri mumoyo”?

¹⁷⁵ Zvino kana Mwari vakatora kubvira pavanhu 3 muno, manheru ano. Zvino uku kudenha. Kana aripo asingafungi kuti ndizvo, huya uzviite. Kana vakarega, zvino musawane chamunotaura nezvazvo. Maona? Zvino, cherechedzai, kutora vanhu kubvira pane 3, (3 kusimbiswa), vari vaenzi zvachose, uye kana Mweya Mutsvene...Kana mukangotenda chete, ndizvo zvoga zvandiri kukumbirai kuti mutende, kudaro, kutenda kuti Bhaibheri *iri* iChokwadi, uye tiri kurarama mumazuva ekupedzisira, uye iyi ndiyo vimbiso yemazuva ekupedzisira.

¹⁷⁶ Rangarirai, Abrahamama, kana kuti hakuna mumwezve, akaona chimwewo chiratidzo kusvikira Mwanakomana wevimbiso auya panzvimbo. Abrahamama akaona mhando dzose dzezviratidzo nezvinhu, kusvikira kune ichocho, asi ndicho chaiva chiratidzo chekupedzisira. Havambofa vakachityora; kuenderera mberi kwaMwari. Mbeu yaAbrahamama, ndicho chiratidzo chavo chekupedzisira. Maona? Ndicho chaiva chekupedzisira. Mwari! Akaziva, pakare ipapo, kuti aiva Elohim. Zvino Jesu akadzoka pakarepo akati zvaizova saizvozvo, uye hepano patiri pano chaipo nhasi pachiri, chinhu chimwe chete.

¹⁷⁷ Vanhu, ichi iChokwadi. Ndinoziva, “Ipo pano chaipo mudanga duku?” madaro. Zvinoka, zvagara zvakadaro. Akaberekerwa muchidiro chezvipfuwo. Pakanga pasina kana ani zvake aizoMutenda. Asi inongova Mbeu iyoyo inotenda, yakatemerwa kuHupenyu, ndiyo yoga. “Vose vaNdakapihwa naBaba vachauya kwaNdiri.” Ndizvozvo. Havatofanirwe

kunetseka, kuti; zita ravo ririko, vachariona. Uye chirudzii? Vachazviita.

¹⁷⁸ Zvino, munoona, pfungwa yacho bedzi, nda—ndaigona kunamata ndoisa maoko pamusoro penyu. Ndiri kuzotaura pamusoro pazvo, kunyanya masikati eSvondo. Asi ndiri—ndiri kuda kuti muone kuti munogona kuisa maoko enyu paAri. “Ndiye Muprisita Mukuru anogona kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu.” Munozvitenda here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Munozvitenda. Uye zvino kana Akaita izvozvo . . .

¹⁷⁹ Ndi—ndinoziva mumwe munhu pano. Zvangoitika kuti ndatarisa, uye ndiri kuona shamwari dzangu 2 kana 3 dzakagara apo chaipo, ari mushumiri, vashoma vavo apo. Uye mumwe akatsikitsira musoro wake, Ishe vachangobva kupodza mwanakomana wavo mudiki, kubva mukukuvvara huropi, asi, nhasi, vandichaira foni.

¹⁸⁰ Zvino—zvino mumwe murume ipapo, uye mwana wake muduku, humwe husiku, vakafunga kuti akanga afa. Zvino ndakanga ndiri kuBeaumont. Zvino isu, takafona, takaendako, iye ndokuisa maoko ake pandiri, akatanga kuchema, akati, “Hama Branham, Shoko raShe rinemi. IngoVakumbirai.” Panguva iyoyo chaiyo, mwana mudiki uyu akadzoka kuhupenyu, ndokutanga kurarama zvakare. Havo baba vacho vagerea apo chaipo, mushumiri.

¹⁸¹ Zvino murume uyu, motokari yakarovera, ndokumukandira nemune chimwe chinhu kana chimwewo, ndokunopinda mugoronga, ndokukuvadza huropi hwake hudiki, nezvimwe zvakadaro. Ishe vakamupodza, kunyatsopora zvakakwana. Vakatenda. Ivo zvirokwazvo . . .

¹⁸² Zvino musati ndini ndakazviita. Ndakanga ndisinei nechekuita nazvo. Kutenda kwavo muna Mwari, ndiko kwakazviita. Iwe iva nekutenda! Zvose . . .

¹⁸³ Jesu akati, muna Marko 11:22, “Chipi nechipi! Kana ukati kugomo iri, ‘Sudurutswa,’ uye usingapokane mumoyo mako, asi wotenda kuti zvawataura zvichaitika, unogona kuwana zvawataura.” Asi hezvoka izvo, munoona. Haisi tariro; “kunyatsozviziva.”

¹⁸⁴ Uye kana Akakwanisa kuZviratidza kuti mupenyu, Uyo akaita vimbiso yacho anogona kuZviratidza kuti mupenyu, uye hapana chimwezve chiri munyika chinogona kuzviita. Muka! Zvizunze, zvakasimba kwazvo, mweya wako. Maona? Hapana chimwe munyika chinogona kuzviita kunze kwaMwari.

¹⁸⁵ Zvino unogona—unogona kuuona sewakaipa, kana uchida. VakaMuona sewakaipa, saka vachiri kugona kuona Mweya waKe wakaipa. Vakati, “Aiva dhimoni, achiita izvozvo.” Saka, chokwadi, vakawana mubairo iwoyo.

186 Iwe ingotenda. Haugone kupodza. Handigone kupodza. Hapana munhu anogona kupodza. Mwari ndivo mupodzi.

187 Asi kana ukangokwanisa kucherechedza kuti Iye wacho waunoshumira, uye ukazvipatsanura kubva kunyika kuti umushumire, iYe wacho waunoda; iYe wacho achazomira muKutongwa, iwe muKutongwa pamwe chete naYe, pakutongwa, kana Hupo hwaKe huchikwanisa kuuya pano chaipo uye hworatidza kuti Ari pano!

188 Zvino mutumbi waKe chaiwo haugone kuzviita. Kana iwoyo ukauya, nguva yapera. “Semheni inobva kuMabvazuva ichienda Kumadokero, ndizvo zvichaita kuuya kweMwanakomana wemunhu.” Asi, Mweya waKe!

189 Uye Chechi yasvika, tarirai kuti yakauya sei; kubudikidza nekururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene; uye zvino kusvika chaiko munguva yekubvutwa, kuita kuti Chechi igadzirire. Chaizvoizvo nenzira yazvakavimbiswa, nenzira chaiyo yakarongwa Mazera eChechi, uye takaona izvozvo, zvese zvichidzika chaizvo, nekunyatsodzika.

190 Pentekosti ndiyo sangano rekupedzisira. Zviri maringe neMagwaro. Ichava sangano rekupedzisira, rakarambwa pamwe nemamwe ose, ndizvozvo, sesangano. Hapana sangano rinogamuchirwa naMwari. Ndi. . . Vanhu sedungamunhu, ndivo vanogamuchirwa kuna Mwari.

191 Zvino haugone here kutenda Hupo hwaKe? Zvino pano, ndinongova hama yenyu, uye zvino ndakatumwa, izvo Mwari vakandiudza kuti ndiuye kuzoita izvi. Naizvozvo, ndinoVatenda. Uye dai zvainge zvisina kunyorwa muShoko, kuzera rino, ndaizofamba ndichibva pazviri. Chose chisiri muShoko iroro, handichitende. Ini—ini handingambochigamuchira. Handisi kuti handingachitende, asi handichigamuchire; handichinzwisise. Asi kana chiri muShoko iri, uye iri vimbiso yezera rino, ndinozvinzwisisa. Munodaro here? Dai Ishe vakatibatsira zvino. Uye iwe chingo. . . Chingonanavira zvino, nokutenda, tenda kuti mune. . . hupo hwedu. . . Tiri muHupo hwaKe, waro, zvino, ndiye Jesu mumwe chete akaita vimbiso iyoyo.

192 Uye muBhaibheri pano, Pauro akafemerwa, uyo aive nezvizaruro zvizhinji kusvika abatwa nekuhuta-huta, “Uye akava nedambudziko munyama, kuti asazosimudzirwa pamusoro pehuwandu hwezvizaruro.” Munooni, akanyora Bhaibheri, anga akanyatsofemerwa. Akanyora Mabhuku eBhaibheri. SaMosesi, aiva muporofita. Saka iye, Shoko rakauya kwaari, uye akaRinyora, ndokutenderwa muMagwaro, Zvinyorwa zvakayereswa. Zvino aiva iye wacho ano—ano—anotaura. . . anotenda izvi, akadzidzisa zvinhu izvi.

¹⁹³ Zvino rangarirai kuti Kristu akamuka kubva kuvakafa uye ari pakati pedu. Uye zviise mupfungwa dzako, Kristu akamuka kubva kuvakafa uye ari pakati pedu.

¹⁹⁴ Zvino, takaona mhando dzose dzekufamba kukuru, nekudanidzira nekurumbidza Mwari; zvose zvakanaka. Takataura nendimi nokuporofita, nezvose. Takaona zvose izvozvo. Zvakanaka. Zvinofambirana pamwe chete naZvo.

¹⁹⁵ Asi, rangarirai, chinhu chekupedzisira Hupo hwaKe Hutsvene, Shoko pachaRo. Iye ndiye Shoko. Musoro, Shoko, Riri kuuya kuMutumbi. Maona? Uye zvakare Shoko iroro, muna VaHebheru chitsauko 4, rakati, “Shoko raMwari rakapinza, rine simba kupfuura munondo unocheka nekumativi maviri, uye rinonzvera mifungo nezvinangwa zvemoyo.” Zvino tora Rugwaro irworwo worwutarisa chaiko kumashure kubva pakutanga kwevaporofita, worwutarisa chaiko nemuna Jesu Kristu, uye woona kana chisiri chinhu chimwe chetecho, chinhu chimwe chetecho, kuti Anozivikanwa saMesiya.

¹⁹⁶ Zvino haasi mumwewo munhu pano ari Mesiya. Mweya Mutsvene ndiwo Mesiya. Kristu neMweya Mutsvene chinhu chimwe chete, saka heUno uri pano zvino uchingoshanda hawo uri munyama, uchigadzirira Mutumbi kuwana nyasha dzekubvutwa. Zvitendei, shamwari.

Ishe Mwari, ndapota ngazviitike manheru ano.

¹⁹⁷ Zvino muZita raJesu Kristu, ndinotora mweya wese uri muno pasi pesimba rangu, kuitira kubwinya kwaMwari. Ndinozvitaura izvozvo kuitira kuti munzwisise. Munoono, musa...

¹⁹⁸ Kana uri kupokana, iwe—iwe, hazvina kunaka kugara kwenguva yakareba kwazvo, nekuti vanhu vazhinji vagere pano, pasina kupokana, vakaona zvinoitika pane dzimwe nguva kune vasingatende. Zvinobva pane mumwe zvichienda pane mumwe, sezvazvakaita muBhaibheri.

¹⁹⁹ Vangani venyu pano vari kunamata, vanoziwa kuti ndiri mutsva, handizive chimwe chinhu pamusoro pako? Simudzai maoko enyu, kuti muri kunamata, kuti munoziva kuti hapana chandinoziwa pamusoro penyu.

²⁰⁰ Iwe, murume uyo akagara apo akasunga tai nhema, akanditarisa pano chaipo.

²⁰¹ Zvino tarisai. Muri kuona Chiedza icho here? Hamusi kuChiona here? Chingori Chiedza cheemba, girinhi yakasangana negoridhe zasi apa.

²⁰² Munonditenda here kuti ndiri muranda waKe, changamire? Kana Mwari vakandizarurira kuti dambudziko renyu nderei, munotenda here, munozonditenda nemoyo wenyu wese, munozotenda kuti ndiMwari here? Munozozviita here? Munozotenda here kuti kupodzwa kwenyu kunozouya? Mune

kadhi rekunamatirwa here? Kwete, hamunaro. Hazvidi kunge munaro. Dambudziko renyu riri munzeve yenyu. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu. Ranga riri munzeve yenyu; harisisimo zvino, kana mukazvitenda. Handizive murume uyu, handisati ndambomuona.

²⁰³ Zvino heuno murume akagara padivi penyu chaipo. Ari kuita seari kunamata. Ari kunamatira chimwe chinhu chisina kumira zvakanaka naye. Nditarisei, changamire. Mune kadhi rekunamatirwa here? [Hama inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Hamuna. Munonditenda here kuti ndiri muranda waMwari? [“Hongu.”] Munotenda here kuti zvandakuudzai, iChokwadi? [“Hongu, changamire.”] Munotenda here kuti Hupo hwaJesu Kristu? [“Hongu, changamire.”] Munotenda here kuti musana wenyu uchaita zvakanaka kubva zvino zvichienda mberi? Munodaro? Simudzai ruoko rwenyu. Kana muchitenda! Maona?

²⁰⁴ Zvino bvunzai murume wacho. Handisati ndambomuona muhupenyu hwangu. Haana kumbobata ini. Ari mafiti 20 kubva pandiri. Chii chaabata? Zvinozadzisa Gwaro. Abata Muprisita Mukuru. Anga akagara ipapo, achinamata kuti apodzwe. Munoonza, abata Muprisita Mukuru anogona kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu. Maona?

²⁰⁵ Zvino, unofungei, mujaya akagara kumashure uko, muchinda wechidiki akanyatsonditarisa chaizvo? Unotenda here kuti Mwari vapodza dambudziko iroro reitsvo raunaro? Unodaro? Simudza ruoko rwako, kana uchizvitenda. Unoda here kurega tsika iyoyo yaunayo, zvakare, worasa midzanga yefodya iyoyo? Ninira ruoko rwako sezvizi kana uchidaro. Zvino iise pasi wokanganwa nezvayo. Jesu Kristu akupodza. Kana uchigona kutenda!

²⁰⁶ Kune rimwe divi kubva pauri, pane mudzimai akagarapo akapfeka magirazi. Ari kutambudzika nedambudziko rekuhuta-huta. Munotenda here kuti Mwari vanokupodzai, amai? Simudzai ruoko rwenyu kana muchizvitenda. Zvakanaka.

²⁰⁷ Mungandiitirawa fevha here? Pane mudzimai mudiki akagara pedyo nemi, ari kutambura nedambudziko revanhukadzi, dambudziko remadzimai. Ndizvozvo, amai. Simudzai ruoko rwenyu, kana zviri izvo. Kubvinza. Isai ruoko rwenyu pamusoro pake, kuti apore, nekuti anotenda.

²⁰⁸ Nhavi, zvino akagara padivi pake, 1, 2, apo Chiri pamusoro chaipo pemumwe mudzimai akagara padivi pake chaipo. Ari kutambura nemakumbo ake, ane dambudziko nemakumbo ake. Munotenda here kuti Mwari vanopodza makumbo enyu? Simudzai ruoko rwenyu. Hezvoka izvo. Maona?

²⁰⁹ Munomutenda here kuti ndiJesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi?

²¹⁰ Munotenda here, makagara apo? Kumashure chaiko kwemurume uyu akagara pano pamberi, mudzimai akagara

pano? Munotenda here kuti Mwari...Mune zvinhu 2 zvine njodzi. Chimwe chazvo ikenza; chimwe chacho, iarthritis. Munotenda here kuti Mwari vanokupodzai? Kana muchidaro, simudzai ruoko rwenyu muti, “Ndi—ndinotenda.” Zvakanaka, tendai.

Munotenda here? Vari kusimbisa sungano.

²¹¹ Heuno mudzimai akagara pano akanditarisa, ari kumashure chaiko kwemurume uyu. Akapfeka rokwe rinotaridzika kuva dzvuku reimwe mhando. Dzvuku, kumusoro *kuno*; juzi, rinogona kunge riri. Ari kure zvakanyanya; hakusi kunyatsooneka uko. Mushure mazvo, munoona, zvinokupedza simba kwazvo, kwese hako kunotanga kushanduka kuita ruvara rwakaita sekuchenuruka mukamuri.

²¹² Zvinova kuti, heCho chakamira apo, pamusoro pake chaipo. Muri kuona Chiedza icho? Ari kunyengeterera chimwe chinhu. Kana Jesu Kristu akazarura kwandiri zvamuri kunamatira, mungatenda here nemoyo wenyu wese? Muchadaro? Ndiri mutsva kwamuri, uye muri mutsva kwandiri. Asi mabatana neMuprisita Mukuru, nokuti chiratidzo chaAnondipa chiri pamusoro penyu chaipo, munoona, munoona, chiratidzo. Ndinoziva kuti ndicho.

²¹³ Mune dambudziko guru rekuhuta-huta ramuri kutambura naro. Uye zvakare mune humbu pahuro, yamuri kutambura nayo. Kana zvirizvo, simudzai ruoko rwenyu.

Unoti, “Muri kurionaka iro.”

²¹⁴ Horaiti, munobva...Hamusi vekuno. Munobva...Hamusi wemunyika ino kuno, nzvimbo ino. Munobva kuMemphis. Ndizvozvo chaizvo.

²¹⁵ Mudzimai akagara parutivi rwenyu, iyewo zvakare anobva kuMemphis. Munotenda nemoyo wenyu wese here, amai? Munotenda here kuti Mwari vanogona kukupodzai? Munonditenda here kuti ndiri muporofita waVo, kana kuti muranda waVo? Izvozvo zvinogumbura vanhu, munoona. Munonditenda here kuti ndiri muranda waVo? Munotenda here kuti ndiMwari vari kutaura zvese izvi? Munoziva kuti hapana chandingazomboziva pamusoro penyu. Munotenda here kuti vangava Mwari zvino? Horaiti. Tendai nemoyo wenyu wese. Uye mune, zvamuri kutambura nazvo, mune...mune dambudziko nepahuro penyu, zvakare. Uye chimwezve chinhu, mune chipfundo, bundu riri parutivi penyu. Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza kuti nderipi divi racho rariri? Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu kana ndikakuudza chokwadi. Riri kudivi rerudyi. Maona? Maona? Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza kuti ndimi ani? Zvingakubatsirai here? Ndimi Mai Cox. Ndizvozvo. Maona? Dzokerai, munoona.

²¹⁶ Munotenda here? Mese munotenda here zvino? Munoono, ndiko kusimbiswa kwesungano kuMbeu yaAbrahama, kana muchigona kutenda! Maona?

²¹⁷ Pano, pane mudzimai mudiki akarara kunze kuno pasitirecha. Muri kundinzwa here, amai, vakarara pasitirecha iyo? Ehe. Handigone kukupodzai. Hapana chandinoziva pamusoro penyu; munongova mutsva kwandiri. Asi munotenda here kuti Jesu Kristu anokwanisa kundizarurira kuti dambudziko renyu nderei? Zvingakubatsirai here? Kuti, zvingadaro here? Kana mukarara ipapo, muri kuzofa. Mune mukana mumwe chete wekurarama, ndiko kugamuchira Kristu. Mune kenza. Ndizvozvo. Munotenda here kuti Mwari vari kuzokupodzai zvino? Munodaro? Simudzai ruoko rwenyu kana muchizvitenda. Zvakanaka. Panzvimbo penyu, chinhu chega chamunogona kuita, kusimuka kubva pamubhedha iwoyo; uye matora zvamakararira, moenda kumba, muchitaura kutenda kwenyu muna Mwari, seMbeu yaAbrahama. Simukai, muZita raJesu.

Honai, vari kusimuka, kuti vatore vimbiso yavo muna Mwari.

²¹⁸ Vangani vamwe venyu mose vanozvitenda nemoyo wenyu wese zvino?

²¹⁹ Simukai. Munaro simba; Mwari vachakupai simba. Simukai, netsoka dzenyu. Havoka avo, vasimuka, kubva pasitirecha iyoyo.

²²⁰ Zvino vamwe venyu mose munoda kugamuchira Jesu Kristu, simukai netsoka dzenyu. Simukai netsoka dzenyu. Simukai, kwese-kwese, gamuchirai Jesu Kristu semupodzi wenyu.

²²¹ Ishe Jesu, podzai mumwe nomumwe wavo. Zviiteiwo, Ishe.



64-0402 Jehovha-Jire #1
4-H Club Barn
Louisville, Mississippi U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org